

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemewah.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premi: 1 - 30 temboeng f. l. - Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
D. M. HARDJASOEWANDA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soera Katholiek:

1 taoen	f 7,50	} njoewoen kabajar roemijin.
1/2	f 3,75	

Adresipoen Redactie lan Administratie:
XAVERIUS - COLLEGE
MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

Isinipoen:

Alit, nanging ageng - Pakem tradjang Katholiek - Klintoening panoentoen - Patjangan tjara Katholiek - Verslag verificatie-commissie - Kabar Ambahrawa - Jaarfeest Broeder Overste - Semarang - Saking Ngajodja - Gondjinging K. W. - Tegal - Waloejaning kabar Katholiek - Wewenang-ing tijang Djawi - Ontjèn - Oerap-sari - Film Indonesia - Panoentoening laré - Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

Alit, nanging agoeng.

Sampoen kaatoeraken ing Sw. T. ngriki, bilih Ngersa dalem K. S. Bapa satoehoe djoemeneng nata mardika, margi Waarborgenwet i.p. Angger-penanggoeng sampoen sirna, lan sirnanipoen sampoen dipoendamel déning ingkang damel, i.p. Pangerèh Itali. (Soeraosing Angger-penanggoeng ateges: Ngersa dalem tijang alit limrah, ingkang kebawah Pangerèh Itali).

Itjaling angger kaseboet damel „wawoehipoen” K. S. Bapa lan Nata Itali Praboe Emanuel III, sapangerehipoen. Djangkeping „wawoeh-wawoehan” teksih mawi tamoe-tinamoe. Nanging poenika samangké dèrèng saged kalampah, ngentos bédjing awaling woelan Djoeni, i.p. wekdal sabakdaning Ngersa dalem pribadi lan Nata Itali nandaastani (ratificieren) kekantjing bedamèn. Sang Nata sowan roemijin, ladjeng K. S. Bapa rawoeh mertamoe Nata Itali.

Sampoen kaatoeraken oegi, bilih bawah dalem K. S. Bapa namoeng sekedik; wijariipoen kirang langkoeng namoeng bangsa 44 H. A.; menawi sebae kadamel 71 are, dados kradjan dalem namoeng bangsa 61-an baee. Boten wijar.

Wonten siti poenika Ngersa dalem saged jasa margi sepoer, kantor tilgram lan tilpoen, post lsp. tanpa mawi palilahiipoen sinten-sinten. Poenapa malih, samangké K. S. Bapa mawi pangowaos dalem pribadi saged jasa arta, prangko sakersanipoen, pleg nata sanès pradja.

Sekedik mila, pasitèn bawah dalem, nanging kedaton dalem salemahing djagad boten wonten ingkang njamèni. Wijaring Kedaton boten kirang saking 55000 M. pesagi. Djembar semanten waoe ingkang 25000 M. pesagi kagem èmpèr (gangen) lan „pelataran”, antawisipoen dalem-dalem, ingkang sadinten-dinten dados tetingalanipoen tijang atosan.

Ing Kedaton, poenggawa manggèn wonten 5 atosan.

Langkoeng tinimbang wijaring Kedaton, i.p. petamanan (Vaticaan-sche tuinen). Poenika mèh tiket kaih. Wonten satjelaking petamanan poenika Pangerèh Itali énggal badé jasa station, ingkang tjalonipoen ngantos badé toemèmplèk ing petamanan.

Rèhné Ngersa dalem lan Praboe Emanul Nata pijambak-pijambak, mila sadaja ingkang kawengkoeng ing Prijagoeng kalih poenika inggih pijambak-pijambak wewenang toewin anggeripoen.

Bedamènipoen K. S. Bapa kalijan Pangerèh Itali boten-babar-pisan gadah teges, bilih Katholicisme lan Fascisme samangké sampoen tjondong, oetawi kalih-kalihipoen samangké sampoen sadèrèk; boten babar pisan. Wiwit mala-boeka K. S. Bapa tanpa mawi maras-miris pambalahipoen dateng dedasar lan tradjang ada-adanipoen Mussolini. Satoehoe dédè padatanipoen K. S. Bapa, alitipoen miris, agengipoen nédèpè dateng Pangerèh oetawi tijang ageng sadjinis Mussolini. Tjetanipoen, kita namoeng kantoen

ngèneti sawatawis taoen kapengker, doek ramé-raméning pra ageng. Kala samanten pradja-pradja sawatawis sami njagahi wangsoelipoen pangowaos dalem K. S. Bapa, samangsa djaja djoeritipoen. Nanging ingkang Sinoewoen K. S. Benedictus XV paring wangsoelan: bilih Ngersa dalem boten badé moendoet oetawi ngoepados wangsoeling pangowaos dalem sarana pangowaosing pradja-pradja sanès. Lan wekdal samanten boten wonten pangowaos ingkang sanget dipoenkepèngini déning para andon prang soepados anoemoetana, kados Roem.

Mila alit bawah dalem, nanging prabawa lan keprabon dalem goemoen ingkang mangertos. Pramila serat-serat-kabar-ageng inggih boten sepi ngraosi, poenapa K. S. Bapa boten badé mlebet dados warga Volkenbond.

Wonten ingkang nginten: K. S. Bapa boten saged loemebet ing Volkenbond, sebab Ngersa dalem boten kagoengan wadya; mangka warga-warga Volkenbond, manawi wonten perloenipoen kedah sami toeloeng-tinoeloeng mawi wadya bala pisan. Poenapa poenika sebab, déné Ngersa dalem boten dados warga Volkenbond, kilap! Nanging wonten sebab sanès ingkang langkoeng goematok, kados ing ngandap poenika.

Ngersa dalem mengkoe pangowaos langkih sakodrat, wonten nangngiling pangowaosipoen para narpati. Djoemeneng Ramaning tijang pitados sadjad, sanadjan saweg sami tjrah. Mila Ngersa dalem èstoe djoemeneng Nata, nanging inggih Rama. Pramila sampoen mestinipoen manawi pangowaos dalem tjengkah babar pisan kalijan sadaja pangowaos, ingkang mbédakaken bangsa, misah bangsa-bangsa dados: mengsah lan sanès mengsah. Mangka poenapa jektosipoen tradjang Volkenbond kedjawi poenika? Mila sanadjan prèsidèn Briand (Frankr.) sanget ngadjengaken, ngersa dalem boten kégoeh.

Kaping kalih: Ngersa dalem boten kersa. Boten kersanipoen kadoegi inggih margi sebab ing nginggil poenika. Kalanganing Volkenbond (Volkenbondskringen) anggenipoen milengghaken prakawis poenika sami mendet alasan boekoenipoen padoe-ka Poier Ives de la Bruière—Imam Jesuèf ingkang kadjoewara tjetaning pangertosipoen bab rembag Ngersa dalem lan Volkenbond—„Organisation ei papauté”. Wonten ing serat ngrikoeng sang pinoendjoel ing sesami nerangaken, bilih sanadjan Ngersa dalem boten kados-poendi-kados-poendi dateng Volkenbond, nanging boten kersa mlebet. Lan sebab-sebab ingkang kangendikaken déning Rama de la Bruière boten wonten ingkang magepokan kalijan anggenipoen K. S. Bapa boten kagoengan wadya. *)

H. SOEWANDA.

Pakem tradjang Katoelik. (Sambetipoen).

4. Pangaribawané Pasamoewan Soetji toemrap adab, ing djaman samengko dioengkiri.

Kadangingsoen! Ora preloe ingsoen ngandikakaké: karahajon ing

*) Titipan Red.: „Sociaal Leven en Streven” 10 Apr. 1929 poenika ngmoemaken nijatipoen „Centralen Raad”, anggenipoen bédjing 21 Apr. poenika, ing gedong K. S. B. Weltevreden, badé sami pepanggihan perloe moeljajakaken karampoenganing Prakawis Roem (Romein-sche Quaestie); poenapa malih njedahi sadaja pakempalan Kath. sa-India-Wétan, soepados sami medarna tjondonging manah dateng kadjenging pepanggihan kaseboet sarana kintoen serat oetawi tilgram dateng parepatan waoe, poenapa malih sarana ndoemoegèkaken kèngkènan. Sokoer K. S. B.-K. S. B. sabijantoe lan pakempalan sanès saged ada-ada saèmper C. R.; botenipoen, tjepak kintoen tandaning tjondong (adhaesibetuinging) dateng pepanggihan Weltevreden waoe; sampoen ngantos kasèp anggenipoen ngintoenaken, mawi adrès: Tw. J. B. Mollenkamp, Weltevreden, 3 Nieuwe Tamarindelaan Pav. RED.

kaja ngapa, tentrem lan karoekoenan sing endi, wedi asih marang pangawasa sing kaprijé, apadéné pamarentah betjik sing endi, kang bakal tinemoe lan linastarakaké manogangsa ana ing donja, . . . samangsa wong-wong bisa mahanakaké idam-idam-aning adab Kristen kalawan ganep. Moeng baé, rèhné perangé raga karo soekma, pepeteng moengsoeh papadang, sétan ngajoni Pangéran, ike tansah bakal ana, kang ike adja angarep-arep jèn prakara iki bakal kegajoh temenan.

Satemené woès sineksèn: ora kandat wong-wong tansah angontjati anggoné arep tinoengkoelaké aris déning Pasamoewan Soetji. (Kang mangkéné iki, toemrapé wong-wong maoe, tetep arah) kapitoenan, sing saja angeres-eresi lan agawé sangsara. Djer pasrawoenganing wong ora moeng saja kasengsem paoegeran sing soelaja karo dadasar Katoelik. Malah oega nganti koemoedoe-koedoe ngoengkoeraké Pangéran babaf-pisan.

5. Akoe kabèh koedoe pada ngoedi ngoekoehaké pangaribawa ike maoe.

Éwasamono nalar ing doewoer maoe ora kena dadi djaraning nglokro, Pasamoewan Soetji ngertos: lawanging naraka ora bakal ngrabasa Pasamoewan Dalem. Ngertos oega: tinindès ike woès sasangané. Pirsá, lamben Rasol-Rasolé kaja oepamané tjempé giniring diworaké aSoe adja. Lan oega ora kikilapan: poetra-poetrané sing setya bakal tansah gineting lan disapé-lèkaké, trep kaja Hjang Djoeroe Karja Pasamoewan, kang oega gineting lan sinengitan. Soeprandéné Pasamoewan Soetji ora gigrig, madjoe toeroes! Sarta, sadjroné andjembaraké Kradjan Dalem Pangéran ana ing talatah kang doeroeng taoe katjakan woewoelangé, ngoedi amoelihaké karoesakaning Karadjan (Dalem) sing woès dadi kagoengané, ngagem srana sawarnaning sarana.

(badé kasambet).

A. S. D.

MOEDA POEROEHITA.

Klentoening panoentoen.

„Tanpa Goesti Allah akoe bisa mréntah donja.” witjantenipoen tijang ingkang ngoegemi politiek klèntoe. „Akoe bisa ambetjikaké wong-wong tanpa Goesti Allah.” witjantenipoen tijang ingkang klèntoe pamanggihipoen. „Tanpa Goesti Allah wong ike bisa ngibadah.” witjantenipoen tijang ingkang klèntoe imanipoen. „Akoe bisa merdi botjah, anggoela-wentah tanpa Goesti Allah.” witjantenipoen pamardi laré ingkang klèntoe.

Patining kasoenjatan ing bab mardi laré boten sanès, kadjawi ngoedi sagedipoen badanipoen pijambak dados, kados déné pangangkahipoen anoentoen laré. Poenika pangandikanipoen ingkang misoewoer Bisschop Sailer.

Klentoening pamanggih ing bab anoentoen laré saged ngwontenaken katjilakan warni-warni. Klentoening pamanggih ing bab noentoen laré saged adamel risaking laré; sampoen kajektèn lan kalampahan kados ingkang kawrat ing koerier no. 234 lembaran ingkang kaping kalih, apepoetjoek kinderreureur in Rusland.

Katjarisosaken ing Moskou mentas wonten kraman. Sinten ingkang wani kalijan paréntah waoe? Laré lola ingkang sami dipoenopèni negari. Sanatorium Krapionnya dados karang abang. Kamaripoen directeur ingkang andjagi dipoenbaja mangap. Laré-laré sami ambekta dedamel séla sarta pentoeng.

Kados-poendi kok ngantos doemoegi samanten; boten sanès namoeng saking kiranging pandjagi saé. Pangarih-arhipoen djoeroe pandjagi tanpa damel. Directeur sarta goeroe tetiga kepeksa ngoendoeh wohing pandjaginipoen, dipoentirah-

aken wonten hospitaal. Sampoen poelisi ingkang sikep dadamel dateng, krodaning laré dèrèng saged sirep.

Poenika wohipoen pandjagi tanpa landesan agami. Poenika babatèn ingkang dipoenmèlik tijang bangsa ngèlmoe Bolsjewisme. Wania karo Goesti Allah, nanging adja wani karo akoe.

SBr.

Patjangan tjara Katholiek.

Kados perloe sanget jèn koela ngrembag prakawis poenika wonten ing Sw. Tm. ngriki, amargi saweg wonten pakempalan P. P. K. D. poenika oegi karembag lan nalika wonten pakempalan P. P. I. poenika wonten wanita dédè-Katholiek sesorah soemedyá ngérang-érang golongan Katholiek bangsa Djawi dipoenwastani moendoer kasoelaniipoen djalaran tiroe-tiroe Walandi. Toedjoenipoen wonten wanita-Katholiek ingkang saged angenghakenhaken. Woosana ingkang soemedyá ngérang-érang waoe neda pangapoenten, amargi saking boten mangertosipoen. Koela alem, lepat poeroen ngaken lepatipoen poenika mratandani ngertos dateng kasoelilan.

Saking panginter koela katah tijang golongan dédè-Katholiek ingkang dèrèng mangertos dateng patjangan tjara Katholiek.

Patjangan tjara Katholiek poenika 1e. nilar adat Djawi, 2e. boten sami kalijan patjangan tjara Walandi (doedoek prèi).

1e. Manoeet adat Djawi, laré émah-émah poenika goemantoeing saking tijang sepoeh. Tijang soegih pados bésan soegih, prijantoeen pados bésan prijantoeen lsp. Dados ingkang dipoenperlokaken arta lan dradjad, nanging toemrap poen tijang sepoeh. Poen anak sadremi nglampahi. Mila kelampah tjindil-tjindil sampoen dipoenémah-émahaken, éman jèn poen bésan dados bésaning sanès.

Laré djaler dipoendjak nontoni. Laré èstri kaperih ngladosi. Sapoenika saged kalampahan warni-warni: a.) Laré djaler pantjèn nedyá émah-émah, nanging ing batos boten seneng dateng laré èstri waoe, tijang sepoeh pitakèn: kowé rak seneng ta? Laré kapeksa mangoeli: inggih! b.) Laré djaler taksih tjindil, boten ngertos jèn dipoendjak nontoni. c.) Laré djaler nedyá nontoni, nanging boten ngertos, manawi ingkang ngladosi waoe tjalon sémahipoen. d.) Nontoni, nanging dipoenpalsoe oepami: badé dipoenngsalaken boerik, nanging dipoenamboetaken laré sanès ingkang boten boerik. e.) Toemrap laré èstri, kerep bledjog dipoen sandjangi: soek anoe kowé dadi ngantèn. Angsal sinten oetawisinten boten mangertos.

Tjekakanipoen: gelem ora gelem, anak koedoe mbangoen-toeroet marang wong toewa. Kados makaten poenika koela wastani ambek-sija, awit damel sangsaraning anak.

Manoeet adjat Djawi, tijang satoes émah-émah poenika, ingkang trep tjotjog mbokmanawi namoeng kalih oetawisatang persèn, saged oegi malah kirang saking samanten.

Masti kémawon jèn sakawit boten seneng, margi kapeksa ladjeng batosipoen: jèn ora daktemah, bandjoer keprijé manèh!

Toemrap tijang djaler tjara Djawi poenika kaanggep boten dados poenapa. Ora seneng, pegat wae! Oetawa wajoeh rak ja kenal wong wadon ike jèn ora ana wajah-wajoeh mesakaké!

Oengel-oengelan mesakaken dateng wanita poenika kerep koela pireng, nanging sababipoen ingkang nomer satoenggal anggadhahi wajoeh poenika rak namoeng nedyá ngoedja hawa. Badé moekir, inggih kènging! nanging boten koela gatosaken.

Toemrap tijang èstri dipoenpegat poenapa poenika wah mesakaken. Jèn sampoen gadah laré oetawiboten gadahbanda gèk ladjeng kadospoendi?

Agami Katholiek ngawisi wajoeh lan pegatan. Langkoeng angèl tinimbang kalijan adat Djawi, mila émah-émah boten kènging kanggé sembranan.

Jèn ing salaminipoen sami gesang kedah kempal lan saged mong-ingemong, dados kedah sami déné ngertos dateng wewatekanipoen. Inggih kados makaten poenika boten saged kelampahan manawi wewaton adat Djawi. Mila manoeet adat Katholiek dipoenwonteni patjangan. Saweg mawi patjangan kémawon, terkadang taksih réwèl, sampoen malih manawi tanpa mawi patjangan.

Oepami A tijang Djawi badé émah-émah, nanging manoeet adat Djawi. Koela takèni: tjalon bodjomoe koewi wateké kaprijé? ngebrèh apa geni? Wangsoelanipoen: Emboeh jal!

Oepami B tijang Djawi nanging Katholiek badé émah-émah tjara Katholiek. Koela takèni: tjalon bodjomoe koewi wateké prijé? Wangsoelanipoen: Gemi, ning rada keras. Reged sitik wé akoe disrengeni. Malah kabeneran, wong akoe ki rada kemproh, nèk ora ana sing njrengeni, ora isa marèni.

Mangga ta, dèrèng émah-émah kémawon tjara Katholiek poenika rak sampoen katingal laras.

2e. Patjangan tjara Katholiek poenika boten sami kalijan patjangan tjara Walandi ingkang boten manoeet waton Katholiek. Tijang ingkang kados makaten ngetjakaken ingkang nama doedoek prèi, tegesipoen vrij poenika mèh sami kalijan manoeet karepé déwé.

Sarèkne ngertos dateng watekipoen tjalon sémah poenika perloe sanget, mangka sagedipoen makaten poenika sarana patjangan, mila Pasamoewan Katholiek nglilani: sadèrèngipoen émah-émah, patjangan roemijin. Nanging patjangan poenika wonten moetawatosipoen, mila kedah manoeet waton, soepados itjal moetawatosipoen a.) kèngingipoen patjangan namoeng jèn pantjèn badé émah-émah saestoe. b.) tijang sepoeh kedah kasoekanan soemerep. c.) jèn pepanggihan: 1e. kedah boten idjèn idjèn, nanging kedah sineksèn ing tijang sepoeh oetawisadèrèk sanès. Dados mlantjonga poenapa kedah wonten ingkang ngetoetaken. 2e. namoeng ing wantji sijang, boten kènging daloe 3e. sampoen kedangon lan kekerepen. Saben dinten pepanggihan poenika nama kekerepen. 4e. panganggepipoen taksih kados tijang sanès, dados oepami asring tabikan, inggih ageng-agengipoen namoeng poenika toer kanti pasadja. Tanpa tabikan malah langkoeng prajogi. d.) sampoen ngantos tilèm toenggil sagrija. Angoer dipoenlampahana mondok ing grijaning sadèrèk sanès oetawisatang jatra: wonten ing hotèl. e.) salebeting patjangan kedah kerep tampi Sakramèn-Sakramèn, kerep sembahjang, soepados Goesti Allah paring berkah. Imam ingkang noentoen gesangipoen rohani kerep dipoentjrijsi kawontenanipoen, sampoen nglilani jèn tjalon sémahipoen sembrana, awit poenika mratandani bédjing inggih kirang barès.

Lah poenika woedjoeding wewatonipoen patjangan tjara Katholiek. Sinten ingkang patjangan nganggea lan tijang sepoeh ingkang anakipoen patjangan akèna nganggé wewaton poenika. Pinanggihipoen temtoe wiloedjeng.

Poen P. D.

TAMTAMA DALEM
DÈWI MARIJAH

Sataoen f 0.75

Xaverius - College
MOENTILAN.

Verslag verificatie Commissie P. K. W.

Papriksan katindakaken déning verificatie-com. Sadaja pinanggih bérés. Mlebet-medaling arta kados ing ngandap poenika:

TAOEN PAKEMPALAN 1928 — 1929.

Table with columns for ARTA MEDAL, ARTA MLEBET, and verification details including dates and amounts.

Verificatie-Commissie ADISOEMARTA, TJOKROWARDJO, MANGOENWIDOJO.

Ambarawa 8 April 1929.

Kabar saking Ambarawa.

Wonten sadèrèk martosaken: Saking pamintanipoen C.B.Z. ing Ambarawa ringgit Normalschool lampahan Pandji Woeleng nalika dinten 20 Maart dipensoemoekaken malih wonten ing hospitaal preloe kanggé nglipoer para tjiang ingkang naudang sakit.

Jaarfeest Broeder Overste Ambarawa.

Kala tanggal 1, lan 2 April '29 dipensoemoekaken wonten ing internaat St. Louis lan ing Schakelschool. Biljartzaal Mulo, kamar oelah-raga Schakel dipenpadjang asri ngresepaken. Tapoeking pasamoan djam 7 sonten kiranga sakedik.

Éndjingipoen 2-4-'29 djam 7 1/2 éndjing tooneel miwah tetinggalanipoen moerid Schakelschool. Sabibaripoen wonten kraméjan dolanan kanggé moerid waoe.

Semarang wiwit ébah.

K. W. madjeng. K. W. Semarang wiwit katingal. Prijantoen ndjawi nggatosaken wontenipoen. Para pahlawan tandang tjékad-tjéked.

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 12.

Njata lan botenipoen tjiang ngasosi badanipoen pijambak, poenika katjeta wonten ing kelakoewanipoen. Tindak ingkang boten prawira, poeroen dora, para tjampah, ngegoengaken boedi aroé biroé, poenika nilar kaoetamèn, ndjalari asoring sarira.

pendak woelan... oen. Arta Swara-Tama inggih katarik pisan; toenggakan kénging katijtil; ndjalari sami sekétjanipoen, inggih abonné inggih administratie.

Stude-club Semarang: Woelan kepenger para kaodem terpeladjar ing Semarang ada-ada ngwontenaken studieclub saèmper St. cl. Soerabaja. Pangarsa Dr. Goenawan Mangoenkoesoemo.

H.I.S. Studieclub Sem. sampoen jasa brochure, toedjoenipoen maringi karsanipoen Paréntah, ingkang badé njoeda katahipoen H.I.S.

Internaat B. O. Béndjing woelan Juli B. O. badé mbikak internaat, nampi laré 20. Wragad saban laré f 30.— Dokter prei. Pangarsa Dr. Hoerip.

J. J. 14 Taoen. Warga J. J. Sem. tambah katah; tjabangipoen samanten oegi, woelan 23 Maart J. J. mèngeti 14 taoenipoen, ageng-agengan. Program pantjèn kadamel ageng. Feest saèstoe „geslaagd“!

Wonten paraméan ngrikoe K. W. oegi kasedahan, lan dateng; samanten oegi ing „gezellige bijeenkomst v.d.“ Islamieten-Bond, 6 April.

St. Joris. Pandoe Jong-Java badé mèngeti rianipoen Santo Georgius oetawi Santo Joris béndjing dinten rianipoen inggih poenika béndjing tanggal 23 April.

R. A. Kartini: Meisjeskring Jong-Java Semarang badé ngenget-éngedintén mijosipoen (50 taoen) Radèn Adjeng Kartini, béndjing tanggal 20 malem 21 April. Sadaja pakempalan wanita badé kaoeleman.

Wonten sadèrèk martosaken: Saking pamintanipoen C.B.Z. ing Ambarawa ringgit Normalschool lampahan Pandji Woeleng nalika dinten 20 Maart dipensoemoekaken malih wonten ing hospitaal preloe kanggé nglipoer para tjiang ingkang naudang sakit.

La rak mekaten: Semarangers! K. W. Semarang: Glück-auf!

Saking Ngajodja.

1. Paskahan. Kala dinten riadi Paskah: 31-3-1929 sonten, sadèrèk katoelik Ngajodja ngwontenaken papanggihan wonten ing dalemipoen sadèrèk F. Oetaja, kanti sinambi mirsan lan ngen ringgit poerwa, made in: Hardjawardajan; toedjoenipoen: alal-bahalal, ngraketaken sadèrèkan.

Ingkang rawoeh, kadjawi wandawa katoelik kaseboet nginggil, inggih: „Rama J. R. Rijehevorsel, Rama Schmedding, Rama Van Driesse, lan Rama Haagdon.“ poenapa déné Toewan Smid (Voorz. K.S.B.), saha pantoentoening koersoes Abiranda — Rm. Djajadipoera — toewin prijantoen ndjawi sawatawis.

Djam 1/2 9, sadèrèk L. A. medar sabda kanti atas asmaning Com. Paskahan:

a. Atoer pangajoebagja. b. Maringi pirsas: pandjang lébar bab maknaipoen riadi paskah, tindaking ngagesang, malah nganggé kaparingan oepami (toelada) poenapa; tjekakipoen ngantos: marem. Nanging éman, déné teka boten mandeg wonten ing marem kémawon, wangsoel ngantos sawatawis sami toemek-toemek.

Déné ki dalang: ngladosi, mranani, toer dawahing ngélmoe, nandes, miraos; meméngin wontening abiranda lan Moentilan.

Boten langkoeng atoer panowoen dateng Komite sa-ingkang kagoengan Dalem, Kjai dalang, saha para oeroen baosoe. Moegi-moegi sageda widadra.

2. Maleisch Chineesche School. Canisiusstichting sampoen jasa sekolahan kados ingkang katjeta ing nginggil, kabikak kala: 2-4-1929,

dening sad. A. S. Hardjasoewita. Bab piwoelang saèmper Standard school, nanging: basanipoen mladjeng, piwoelang basa walandi langkoeng katah (wiwit kl. 1.); toer mawi piwoelang bab kawroeh dagang — makaten ngandikanipoen sadèrèk ingkang ambikak.

Kita saged moengel: Ta Canisius katoelik, rak katingal pangrembagipoen dateng bab piwoelang...? Ning mangké temtoe wonten ingkang moengel: Ta goelo, nèk katoelik, genah onderwijs kanggo wong Djawa baé isih koerang, andadak ngremboeg Tjina, ndak koewi: nasional...? ndak koewi ora moeng kanggo ngrampèk Tjina soepaja gelema ngréwangi kana?

Kadjengipoen moengel, ingkang dados rak njata. Mangga: Schakelsch. itjaling basa meladjeng ing H.I.S. sinten ingkang oeloek-oeloek...? Soekoer manawi sami boten moengel, djalaran koela roemijini poenika: ha. ha. ha.! 3. Obor.

Ing Ngajodja wonten serat kabar énggal setengah woelan, nama: Obor, wedalan pangetjapan: Harmonie, toedjoenipoen soemedyarentjeng ngrembag kamadjengan saha kabetahaning kawoela, gebjaripoen ing ngrikoe: neutral, microscopipoen kapasang kanggé ningali kawontenaning rakjat.

Koela jakin bilih sadaja kaoem Indonesia sampoen sami makaten (nglilir), serat-serat kabar (langkoeng² Ngajodja) pating djredoel, toemandang ambantoe ra'jat. Nanging manawi koela ngoengak pawonipoen: — economie — kok taksih dérèng mèmper jèn katimbang kalijan anggrensenging actie.

Badé makaten-makaten poenika, manawi sèkèng, badé kados - poendi? hara...! 4. Oegi manoen serat kabar kaseboet nginggil, ing pamantjangan badé dipensoekani palaboehan, perloe kanggé ngintoenaken gendis saking Sala lan Ngajodja.

Rèhning kapal boten saged mèpèt pasisir, pamendtipoen gendis sarana kawat palèrdan; ragad: 1 joeta sampoen soedija.

Mangga, barèsipoen: Arta saking poendi poenika? Saking: Indija,* nanging kita dérèng saged mendet, djalaran: „golèk geni adedamar; golèk doewit asesangoe.“

Manawi namoeng moengel: „Indonesiër, Indonèesia, merdiika...“ makaten kémawon, inggih malah sampoen angsal: „vlotheidsdiploma“ rak inggih ta...? 1. Mangga sadèrèk, sampoen seneng kasoeakan obrol kados koela.

noewoen Ki Gowong.

Gondjering K. W. Tegal.

Elo, lha, kok gondjing! Poenapa wonten lindoe? O, boten sadèrèk, gondjingipoen boten amargi kalindon makaten, nanging djalaran kètjalan bestuur satoenggal; inggih poenika Sang penningmeester ingkang pengpengan. „Wadoek, kok nganti kaja satrija Pringgodani R. Gatolotjo!“

Pantjèn inggih makaten; tandangipoen saé toer tjetep; poenapa malih jèn moendoeti contributie, wah ta sampoen boten kénging dipoensemadosi, rak inggih ta ki raka P. Soem! Nanging makaten poenika inggih leres; djalaran jèn boten makaten, para leden mindak ladjeng ndléja. (Ijak ja soek, pampanj!) Menggah ontjating sang penningmeester waoe boten medal saking K.W. Nanging kapindah ing panggenan ingkang tebih sanget saking Tegal inggih poenika dateng negari Salatiga.

Nanging boten langkoeng kadospoendi malih; sanadjan dipoendadoenga pisan tjiang sampoen dados pesti inggih boten kénging.

Dados saking panowoenipoen para bestuurs toewin leden sadaja, * Tok! Red.

WEWENANGIPOEN TIJANG DJAWI.

Bapa poenika leloerahing grija. Pijambakipoen gadah koewadjaban ngoepakara anakipoen, ngagengaken anakipoen dados tjiang ingkang wonten damelipoen, lan tjiang oetami. Tjiang sepoeh katitipan barang adji, lan doemoginging wantji kedah tjaoe pétangan dateng ingkang paring titipan. Pramila sampoen mestinipoen tjiang sepoeh, bapa, kedah saged ngoepakara anak ingkang saé, lan saged milih pamoelangan, ingkang kénging kapasarahan anakipoen.

Ingkang dados „tjangkeming“ laré poenika tjiang sepoeh, lan tjiang sepoeh ingkang nama „tjangkeming“ laré poenika tjiang sepoeh ingkang ngertos lan nglampahi wadjibipoen. Pramila kéndeling laré oetawi tjiang sepoeh-boten-sami-neda-pamoelangan kados ingkang koela atoraken, sanès tanda jekti, bilih pamoelangan ingkang kados makaten boten sah mawi kawontenaken, sampoen malih tanda-jekti, bilih pamoelangan kados makaten ingkang sampoen wonten kedah kaitjalan, oetawi karoebéda lestantoenipoen.

Sepisan engkas: ingkang dados tjangkeming laré poenika tjiang sepoeh, sanès Pangerèh oetawi Goepermèn. Bapa kedah saged njinaokaken anakipoen ing pamoelangan ingkang sreg kalijan kaantapanipoen, poenika boten sanès kadjawi panjoewonan, midjilsaking manah pernah. Lan djalaran saking poenika: paneda oetawi panjoewonan mardikaning pamoelangan poenika panjoewonan atas namaning wewenang soetji, wewenanging manah merdika (in naam van het heilig recht van het geweten).

Wonten ngarsaning Pangerèh ngriki, panjoewonan ingkang kados makaten poenika oegi panjoewonan atas namaning „kaadilan“, djer pradja kedah sami pangajomanipoen dateng sadaja golongan, inggih poenapa kémawon agaminipoen. Atoer koela ingkang kados makaten, intjokipoen boten kok namoeng badé manah dateng betahing golongan koela pijambak, golongan Katholiek, nanging dateng betahing tjiang satanah Djawi.

Kedjawi ingkang Kristen, tjiang Djawi pantjèn angèl anggènipoen badé milenggahaken: poenapa ta sadjatosipoen agami ingkang sami dipoenlampahi oetawi sami dipoenroengkebi. Nanging sanadjan tjiang ngriki teksih katah sanget ingkang sami goegon-toehon, teksih katah sanget ingkang teksih ketingal manembahipoen dateng ingkang nama penasaran oetawi brahala, nanging ratjak ngoegemi wontenipoen Pangéran, lan wedaring kapitadosan

moegi-moegi sadèrèk ingkang kasebat, sampoen ngantos kénging ing sambé-kala wonten ing margi lan tansah ginandjara bagas saras vitalanga (oemoer - pandjang).

Poenapa malih noeroet pakabararan bilih Salatiga poenika panggénan saé, hawa saé, kita saé. saé-saé-saé sadajanipoen. (Sjekoer lah cham' doelilah.)

O. Inggih; Sadèrèk Ambarawa, ingkang roemaos nantoen K. W. Tegal, soepados dados P. K. W. sampoen ngantos dados gerahing penggalih roemijin; bilih K.W. Tgl. dérèng saged nglegani pamoendoetipoen; djalaran makaten:

I. Sapinten ta tjatjahing sadèrèk R. K. ing Tegal? Kados boten katah. Tik sakedik, ndadak badé kaelong. Tjober ing bèn-bèn ngrikoe rak wonten ingkang kapindah malih.

O, sampoen ta, kaantapanipoen satoenggil-toenggiling sadèrèk kirang saking 90% koela kinten sampoen soewargi K.W. waoe.

II. K.W. Tg. kénging koela oepamèkaken tjiang ingkang badé mènek ing pèrèng. Sagedipoen mentas kinten koela saking sakedik sarana rambat ojed alit-alit ingkang kijat.

poenika ngetoet... tjiang Djawi ngantos... koewadjaban.

Ingkang adrih nggoroehaken swantening-manahipoen-pijambak kados sampoen boten badé maiben. Pranjata, Sad. Djawi, pendjenengan kanggénan, kagoengan banda poenika; banda kapitadosan poenika satoehoe banda kita; kedah koela kekahi, koela réntjangi tapa-brata amrih lestantoenipoen. Boten wonten tjiang sanès,— dalasan Negari pisan— gadah wewenang ngrabasa brana adji poenika, tanpa nerak wewenanging kodrat. Poenapa kladoek atoer koela, menawi koela nenangi dateng kadang koela Djawi pijambak: „Prajitna sadèrèk, poenika poesaka adji; sampoen rila manawi badé kawah-éwah!“

Salaras lan pepatjak nginggil poenika, sampoen mestinipoen, bilih kita menggahing rembag pamoelangan, inggih neda pamoelangan ingkang apes kapitadosan dateng Pangéran boten kagina-damel. Larasipoen malih: Pangerèh nama ngaroebiroe wewenangipoen tjiang ngriki, jasa pamoelang oetawi mbenoem goeroe, ingkang adamel tipis oetawi risaking kapitadosan; adamel kapitoenaning tjiang ngriki masrahaken pangoepekaraning laré - ing - ngriki dateng tjiang ingkang mengsah agami, agami ingkang ngoegemi wontenipoen Pangéran.

Samangké pamaos sampoen boten mamang, bilih pamoelangan partikelir sami njoewoen sebsidi, lan Pangerèh maringi, kedah maringi, poenika barang sampoen sames-tènipoen. Lan pamaos nampi oegi, bilih ing nginggil poenika sampoen gatra pandowa koela dateng sekarlati: onderwijs partikelir ikoé mitoenani onderwijs openbaar! Menawi pandowa kagalih kirang mapan, tjober kawewahan sekedik:

Menawi kadjenging openbaar onderwijs badé ngingkiraken kapitadosaning tjiang - ngriki - dateng - ingkang - paring - gesang, pamoelangan partikelir pantjèn mitoenani dateng onderwijs openbaar. Nanging koela ladjeng matoer: laré kanggé openbaar onderwijs, poenapa openbaar onderwijs kanggé laré? Tjiang ngriki kanggé njekapi openbaar onderwijs, poenapa openbaar onderwijs kanggé njekapi tjiang ngriki?

Menawi kadjenging openbaar onderwijs badé damel rahadjenging tjiang ngriki, atoer koela: openbaar onderwijs dérèng njekapi; lan onderwijs ingkang goerokipoen-mengsah - agami adamel kapitoenaning tjiang ngriki.

Mangga kagalih: karangan sapala mawas onderwijs lan kapitadosan.

Pramila.

Nanging jèn ladjeng kasesa; sampoen mèh mentas ladjeng ngranggep pangjing wit ingkang mangloeng ing pèrèng waoe. (Soepados énggal antjasipoen).

Hla inggih jèn tangan waoe tjakep kanggé nekem pang waoe; hla jèn mroetjoet. Waaah „Ja, lèrèk ora!“ (mangsara).

Taklim koela. Pakné Hadi Kedjambon.

Waloejan kabar Katholiek.

Sw. Tama no. 10 ingkang medal 22 Maart 1929 poenika ing lembaran kalih ing babagan kabar Katholiek, ngabaraken jèn R. C. Poeloenggana sampoen mangkat dateng nagari Walandi, perloe neroesaken pasinaonipoen badé dados imam golongan Carmelieten—poenika le-resipoen pankatipoen saking Ngajodja kala tanggal 26 Maart dateng Betawi. Pangkatipoen saking Betawi nganggé kapal Indrapoera kala 27 Maart 1929.

Kala tanggal 26 Maart sadèrèk R. C. Poeloenggana mangkat saking station Toegoe, Ngajodja, nganggé expres djam 8,7' kalijan pandjeng

pahan laré ing batos sami natjad, oetawi sami roemaos pakéwed, djalaran saking tindak ingkang damel wirang waoe, saopami laré sami rikoe inggih boten anggoemoenaken.

Prakawis poenika boten perloe karembag pandjang, awit teksih wonten malih ingkang kedah kagatosaken, inggih poenika bab basa. Wadjibing goeroe noeladani boten namoeng ing bab tandang tandoeok, ananging tetemboenganipoen inggih kedah patrap, aloes, kénging dipoentiroe. Pramila menawi goeroe ngantos kawadal tetemboenganipoen ingkang kirang pantes, ingatasing badanipoen pijambak nama kapitoe-nèn, awit poenika nerangaken tjatjadiipoen ingkang ndjalari soedaning pakoermatan. Moerid dipoentoeki tetemboengan ingkang kasar, poenapa malih saroe, manahipoen temtoe boten saged kedoeqi. Sanadyan laré

sami laré asring kawedal temboengipoen ingkang kasar, ananging dajaning temboeng waoe béda kalijan manawi kaoetjapaken ing goeroe, awit saweg manoen kirata basa kémawon goeroe poenika kedah kénging ginoegoe lan tiniroe, mila badé saja katingal awon jèn ta kawadal ingkang awon lan saroe. Lan malih pengadjeng-adjengipoen sadaja moerid, angsal piwoelang saé saking goeroe, sarta awarah ingkang noenoentoen dateng karahajan. Pramila tetemboengan ingkang boten patrap, kedjawi njoedakaken aosing goeroe, inggih soelaja sanget kalijan pengadjeng-adjenging laré. Ingkang poenika wadjibing goeroe ndjagi sanget, soepados temboengipoen mapan, pesadja, boten dipoendamel-damel.

Andjagi tetemboengan saroe oetawi kasar, poenika béda kalijan boten seneng loeloetjon bebanjolan, Kala-kala damel goedjenging laré.

poenika anggoegah kasenenganing manah, damel gambiraning laré, moeroegaken boten sami ngantoe. Ananging kedah kadjagi sampoen ngantos ngitjalaken soeba-sita. Boten wonten awisanipoen goeroe ngloetjoe damel goedjening laré, ananing sampoen ngantos keladjening nama mbadoet. awit laré mindak kepatoeh boten saged manah prakawis kanti saèstoe, oetawi nganggep prakawis wigatos kados déné loetjon saged ndadosaken kapitoen-nèn ageng.

Sampoen samesstinipoen laré poenika kedah ngasosi dateng tjiang sepoeh saha goeroe. Éwasemanten tjiang sepoeh oetawi goeroe kedah ngodi oegi moerih raos kedah ngasosi waoe toemanem saèstoe wonten ing manahing laré. Déné lampahipoen sarana pitedah saha laré linagoetakaken taklim dateng ingkang pantes dipoenadjèni.

Menawi pradjoerit oetawi poelisi pepagan kalijan pengageng anggènipoen atoer pakoermatan ndemenakaken sanget, oepami kelampahan kirang taklimipoen temtoe dipoenoe-koem kanti kekerasan. Inggih boten perloe grija poenika kadadosaken tangsi, sadaja sarana lampah kekerasan, panggoela-wentahipoen njoemerepi pengageng srana dawoeh kinantèn kawanteran, éwasemanten perloe sanget laré kaperdi saèstoe njemerepi tata-krama.

Laré anggènipoen kedah nglenggahi tata tjara oetami poenika boten namoeng menawi wonten ing grijanipoen tjiang sanès, sanadyan wonten ing grijanipoen pijambak inggih kedah mekaten. Menawi pinoedjoe lilinggihan, laré dipoentakèni ing bab warni-warni, tjiang sepoeh kendjagi soepados laré mangsoeli kalijan tata-krama aloes. Oepami saged kelampahan mekaten, ladjeng

ah tansah dipointoeroef? Jèn kama-kasih banjak, djangan amE.1 marah, dong!

Wonten pitoeloengan ingkang moeroegaken kesèd, soengkanan. Dados sampoen doepèh saged, dangan oetawi poeroen dipoentadani toeloeng. Toeloeng-toeloeng sing di-toeloeng kaja entoeng poenika kedah kasirik.

W. & Wr. Vc. - P. C.

KOEROE SËTRA.

Film Indonesia.

Roedjak oeleg à la Pramila pantjen pedes lan legi èstoe; damel mareming para maos lan kemetjerpaoen para ingkang ningali; tjobi sapoenika mentas kepedesen, mrikasani.... film à la Hercules; namoeng sampoen kamèt, film koela poenika zuiver HUMORISTISCH (radi mbanjol). Tjobi:

Filipina-Indonesia.

Eerste bedrijf. Filipina-Indonesia. Loo, kados-poendi poenika? Tanah kalih waoe saweg dados bandingan, kanggé toelada lan kaintjeng sajektos ing kadang kita Nationalisten, langkoeng-langkoeng para gegèmbong. Kados-poendi poenika? Soepados saja tjeta, koela badé ngatoeri oelar-oelar malih i.p. America - Nederland. Kapitaal (Economie) - Politiek.

America ngerèh Filipina sadjak mawi srana ngagengaken kapitaal wonten ing Filipina; mila jèn tijang Filipina badé ngoepados kamardikan kedah noetoeti ngagengaken kapitaal pribomei sageda sababag lan kapitaal America. Kosok-wangsoelipoen Nederland ngerèh Indonesia boten mawi srana ngagengaken kapitaal Ned., nanging mawi srana moelat-moelting poelietiek Nederland; mila menawi kita Indonesiers badé saged kadoemoegèn poenapa kang dados idam-idaman kita kanti rantjag; kita kedah ngagengaken oetawi njantosaken barisan poelietiek Indonesiers; makaten kirang langkoeng wosipoen swanten ing vergadering-vergadering poelietiek; makaten oegi pers-pers sadjwining kiki kita, ingkang pantès kita soemerepi. Idam-idaman ingkang kados makaten (ngagengaken barisan poelietiek) pantjen saweg populair (padjeng) kanggénipoen kadang kita Nationalisten, lan sampoen kelampahan jasa bebadan P.P.P.K.I., iniatief saking P.N.I. lan P.S.I. Kadang kita Nationalisten pantjen saweg mendem poelietiek, poenapapoenapa kedah mawi moelietiek; jèn wonten golongan ingkang boten poeroen moelietiek dipoenérangé, dipoenepèlèkaken; kirang pitados kados-poendi tepangipoen Nationalisten kalijan Mohammadjah. Adoeh, memelas! Mohammadjah ingkang gadah sadya ngadigengaken bab onderwijs lan Hygiene, wah dipoenérang-é, dipoenepèlèkaken sanget; paben ramé, toer pabenipoen katingal boten tjara tijang... damel goemoedjengipoen partij reactie. Poen panjerat poenika sanès complot M. D., nanging tjotjog sanget dateng idam-idamanipoen M. D. kalih warni poenika waoe; pantjen kita betah sanget mitoeloeingi bangsa kita ingatasing kabetahan kalih prakawis waoe; djer pantjen perloe sanget, boten kènging tinilar. Kadang Nationalisten pantjen mendem jektos, boten namoeng ingkang sampoen sepoe kè mawon; nanging para piijk-piijk ingkang taksih sami trondol dèrèng gadah woeloe oegi tjalon toemoet mendem. Tjobi ta koela atoeri menggalih!!

Jeugd-verenigingen sapoenika sampoen kateh ingkang sami santoen woeloe, nedya toemoet-toemoet moelietiek. Mr. Soejoedi naté nerangaken, jèn para moeda tanah Kolonie boten kènging pisah lan poelietiek, beda lan para moeda ing tanah merdika. Hara ta, hara! Sing arep diremboeg baé ara...? Wong goeneman waé doeroeng... tè... tè... kok... moelietiek? Sekolahé baé doeroeng kinoer! Wong... è... è, emboeh ding emboeh; poelietiek model abad 20. Ah, la wong lagi mendem, dikapakaké manèh?

Sadèrèk, adoeh ambak-ambak poenika wisa ageng-agengan; langkoeng-langkoeng kanggé para piijk-piijk waoe. Ah, memelas!! De Koerier kerep ngétjé bab Jeugd lan poelietiek; malah wonten ingkang soeraosipoen ngèmoetaken dateng pangagenging Seminarie (ing poendi koela kesoepe). Soepados langkoeng dipoen-gatosaken para siswanipoen ingkang sakinten boten saged dados Imam; ingkang ladjeng medal gesang ing paraméjan; djer margi boten tamat seklahipoen (tijang mogol) saged langkoeng ambebajani timbang sanès-sanèsipoen. Bab poenika pantjen leres èstoe; nja-

ta makalen Lakados-poendi dèné para moeda ingkang teksih betah ngalaken woelanganipoen... ladjeng toemoet moelietiek. Mangsa berong!! Doemoegi ing ngriki koela ladjeng kèngitan dateng pangadilanipoen R. A. Kartini, wosipoen makaten: „Bodo lan gendeng banget, wong kang mangan apjoen, roemangsane arep ngrasakaké nikmaté rarjoening apjoen, nanging ora ngerti jèn malah dioental malang dadi lan sangsarané." Leres tetemboengan ing nginggil poenika boten kènging katjoendoekaken kalijan para tijang ingkang moelietiek, nanging koela nginten oegi matoek sanget, jèn katjoendoekaken kalijan para moeda ingkang moelietiek. Tjobi kasawang kè mawon. Èé, è, kesoepe: „Ora ana wong bisa ngawoela bendara loro." Kados oegi kènging kanggé ngewoeh-oewoeh dateng para moerid ingkang moelietiek. Kados-poendi?

Hercules. (Kateroesaken).

Sampoen kasoepèn.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 11.

Koela sakedik-sakedik ngertos aosing kasoelisan poenika sinaoe saking toeking tata soesila koentjara, inggih P. Soetji. Sampoen klintoe tampi prijantoen, koela matoer sekedik-sekedik pangertos bab kasoelisan, dèdè pangodi, oetawi oelah dateng kasoelisan. Kita tetjjang Katholiek boten saged ngongkiri, pantjen P. Soetji poenika sanjaja bapa-baboening moelangaken dateng kasoelisan sedjatos. Kita boten nama ngemoet legining goela. Kènging dipoenjatakaken. Mangga koela atoeri njemak lan namatakan soegengipoen para Soetji, anggèné sami oelah kaeta-man-kaetaman tjara Malaèkat, koela atoeri ngenjami piwoelang kaetaman tjara Kristen bab karesikaning manah (kuischheid). P. Soetji inggih boten léna anggèné tansah memoelang, amoerih para poetra-poetra-nipoen sampoen ngantos kasoepèn dateng kasoelisan sedjatos. Moerih ngoedi indaking andarbèni kaetaman poenika, sagedasaja madjeng lan koentjara. Para poetra ingkang kendo, saha para tetjjang sadjawining Pasamoewan ingkang dèrèng ngertos, soepados kasorotan déning soegengipoen para adjar ing wihara, tradjängipoen para Kongregasi Dèwi Marjah, déning pakempalan-pakempalan ingkang nengenaken kasoekman lan kaetamèngesang Katholiek sedjati lsp. Mila memoelang sampoen ngantos kesoepe, djalaran wonten ingkang niroe, kéloet, toeladanipoen dateng panganggé tjara énggal (mode) ingkang moerang dateng kasoelisan.

Langkoeng-langkoeng toemoedjoe para wanita. Traping panganggé ingkang kirang prajogi, bioscoop, dansah, panggénan ingkang gampil andjogipoen dateng njimpang kasoelisan, poenapa boten moeroegaken toewoehing pepénginan lan indaking tindak ingkang mrikoer poeroegipoen? Para wanita kilènan anggèné koela mastani ngoedi dateng sampoerna tataning panganggé, moerih dèmes, loewes, pantès, matjaking trapipoen dateng sailira. Koela matoer moerih sampoernanipoen, tandanipoen saprika-saprika dèrèng sampoerna kè mawon. ± Djaman tengahan, koela soemerepi ing gambar, wonten ingkang nganggé rok sinawang ngantos saèmper merak ngigel. Ladjeng malih-malih Tjara Paris, Paris... Tjara lengenanipoen ketingal sadaja. Sepatoe djindjit inggil, rok tjekak, boekoengan. Doemoegi tanah ngriki katab ingkang niroe boekoengan. Béndjing poenapa sampoernanipoen?

Traping panganggé, toemrap bangsa koela wanita Djawi, delesipoen sampoen kalebet soesila (zedig). Sawangan broekoet, badènipoen pasadja. Nanging manawi niroe wanita sinten, rasoekan santoen krawangan, badan katingal, ladjeng nama boten pasadja: „Inkang sampoen nama tetep soesila, kilap tjara kilènan, kilap tjara wétanan, inggih ingkang netepi kasoelisanipoen, inggih nglenggahi aosing kasoelisan, soepados tetep resik (kuisch). Atoer koela poenika moehoeng metil bab panganggé.

Para ingkang tresna lan ngaosi dateng kasoelisan boten badé kekilapan babagan: waosan, tetingalan, panganggé, pangénan, ginaman. Para sadèrèk Katholiek oegi boten badé kasoepèn marsoedi kasoelisan sedjati (temboeng zedig lan kuisch pertalanipoen njoemanggaken Rama Red.) amrih saged tetep resik. Manawi sampoen damang kekalihipoen, ladjeng badé kiki, tjoe-keng anggènipoen nindakaken, boten gampil malihan. Jèn tetep resik, kedjawi dladjading slira pijambak oenggoel, oegi mahanani dateng toeroen, saged dados brajat, bangsa santosa, rosa,

oenggoel. Makaten saking pamanggihipoen satoengging sardjana Katholiek.

Para kadang moeda Katholiek, kakoeng miwah poetri sampoen kirang ngertos dateng aos lan loehoering kasoelisan moerni. Kirang ngertos ateges kirang damang jèn ta zedigheid poenika ambantoe kuischheid. Mokak sagedipoen tetep resik, jèn boten soesila. Pangodinipoen soesila dipoenranani mati-raga, oepami mati-raga panganggènipoen mripat, pamireng, pepénginan ingkang dèdè wadji-bipoen. Para moeda oegi kerep kataban ama adjih. Adjih manawi dipoenaroewé ing sanès, adjih dipoen-gegoedjeng ing donja, adjih ngipataken kaloelotipoen, predolènjèn dipoenisisin-isis ing golongan sanès, sarta oegi adjih dateng dangingipoen pijambak.

Sampoen kasoepèn.

Soerbatimam

Djenang sèla moenggèng sedah.

Kilap njatanipoen bab Ambarawa, ingkang kawartosaken déning sad. J.S. ing Sw. T. No. 9. Inkang ndadosaken memahan koela poenika panabrakipoen sad. S. ing Sw. T. No. 10! Wonten ing karanganipoen, Sad. S. ketingal, bilih pendjenenganipoen sampoen dangoe wonten ing Amb., dados mbokmenawi inggih langkoeng damang bab wontenipoen ngrikoer. Sad. J.S. semoe-semoenipoen teksih énggalan, mila kados sampoen lajakipoen, (te-vergeven), oepami pendjenenganipoen teksih radi toeni-doengkap menggah wontenipoen ngrikoer. Djalaran saking poenika — è, poenika anggèn koela ngotak-atik! — kados sampoen salampahing sad. wengkoewinengkoer, oepami sad. S. kersa ngendika dateng sad. J.S.: „Anoe, di, ngendikamoe dek-anoe kaé rada ana mlèsèdè; benèrè mengkèné... Ta wis gèk njaoana correctie manjng redaktoeran!" — ladjeng sad. J.S. kersa nanggapi pitedahipoen sad. S., ngintoenaken correctie dateng Redactie, mawi njebetaken asmanipoen sad. S. kanti matoer noewoen, déné kersa paring sesoeloh... mangga, petèkan kè mawon, sadaja ingkang maos rak sami kepranan, lan Sw. T. badé saja ngresepaken, margi kablonjoh roemaroem gandaning sasedèrèkan tjara samestiniipoen.

Koela.

Menggah pamanggihing Garèng, bab tjoeoeking pantalon lan rok.

Pétroek: Lo kok kadingarèn kowé kang Garèng, èsoek oemoen², wis tengar-tenger, ndongkrok nèng ngarep lawang, semoenè kok soesah. Prijé ta kang, apa oetanggè doeroeng loenas kabèh, apa saké kotong, géné isih tanggal enom, wong mono mbok sing bingar, kaja akoe iki, mengko moendak énggal mati.

Garèng: Ora kok Troek, akoe iki ora soesah ora apa. Nèk prakara oetang ngono dak gawé sipil, déné prakara ora gableg doewit wis djarangan, tanggal enom ja mlèt² tanggal toewa ja saja mimbak-mimblik. Pantjen wiwit bijèn moela nèk Garèng ikoe anaké wong ora doewé.

P: La sing kok gagas baé apa, ta kang, sadjaké kok barang gawat banget?

G: Doedoer prakara gawat, Troek. Sing dak pikir ikoe karangané onze zuster Èndang Wrediningih Swara Tama no. 9 kaé lo. Saprana-saprené tak bolan-balèni, atikoe kok doeroeng bisa mak blong. Moenggoehing kowé prijé, kowé rak ja matja ta?

P: Akoe apa? Nèk akoe wis moepakat banget. Nganggoa katok palmbeach rangkep 10, nganggoa sepatoe sing regané karo belah, ndjengkelita ping 27 kaé, je bent en blijft toch een Inlander.

G: Ja bener kandanoe koewi Troek, ja nèk nggoné nganggo pantalon ikoe soepaja diarani Landa, nanging nèk saka roemangsakoe kok ora, lo akoe ki sing wis kerep gosakan, sitik-sitik ja mangerti. Tjoba ta nèk ora pratjaja njoewoena pirsaprijaji² sing pada ngagem pantalon. Malah nèk djaman moeda saiki, para moeda Indonesia, tjara Landa nganggo koepleok, soepaja wong sing pada weroeh, adja ngarani, nèk prijaji maoe bangsa Landa.

P: Moenggoeh kowé prijé ta kang Garèng, karangané onze zuster E. Wr.

G: Nèk akoe diaranana moepakat, ja ana moefakaté, jèn di arani ora ja dasar ora kabèh moepakat.

P: La moenggoeh, liré kaprijé?

G: Ngèné ja Troek. Soemoenggoehing akoe, lo koewi G. lo, kok ja koedoer angon no. 1 kadladjadan no. 2 papan no. 3 koempoelan.

P: Lo moenggoeh kadladjadan ikoe sing kok karepké apa?

Nembé poenika ing Berlin wonten bankier (tijang ingkang gadah bank, bang, brit) kalih sami soedoek selira, doek! dados lan pedjahipoen Seba? Djalaran boten saged ngontjati kapitoenèn, ingkang temtoe badé damel mlaratipoen. Kapitoenèn saking? Saking mloroting kertas-ka-boedidajal (industrie-papieren)! Mlorotipoen margi? Margi, makaten:

Sawatawis wedkal kapengker Djerman kebandjiran arta Amèrikah! Djerman keremenen siblon! Nampi arta waoe, kanggé? Kanggé ngedegaken lan njaèkaken pabrik lsp.

Kotjap! Bati boten sepintena, malah kepara boten wonten! Djalaran? Kantja berah neda indaking bajar; dados bati kanggé ngindaki berahan. Sapisan! Ping kalih: paos inggih mindak! sebab jèn boten, negari mangsa sageda ngindaki blandja! Dados goenggoeng-kempal Djerman njoeda bati, kanggé paos indakan! Ping tiga: arta Amèrikah wonten ing Djerman poenika dipoentiganaken; dados arta kedah nigan, oetawi manak. Soepados saged bajar sareman, bati katjowok malih. Ping sekawan: Djerman teksih kedah bajar „pepoelih", oetawi „herstelbetaling", margi kawon perangipoen. Mila goenggoeng-kempal bati boten wonten!

Jèn bati boten wonten, kertas industrie inggih tanpa adji! Jèn kertas tanpa adji, brit-brit katah ingkang sami „hantjoer"; industrifè rekais; temah? Temah katah kantja baoe ingkang kepedjangan toeking pangoeпа-bogal Mila samangké ing Djerman kantja baoe ingkang sami namoeng ambekan kalijan neda wonten kalih mljoen!!

Koela ladjeng manah: lha, djempol-djempolè da nèng ngendi, kok nganti ana wong kaliren semone kèhé? Ana lha ra da mèloer tapa kepeksa? Mangga ta! ing ngatasipoen tanah sampoen kados makaten madjengipoen, kok inggih dèrèng saged „ngoewisi ingggawé"! Mindah menggah OEPAMI tanah kita pijambak ngriki kataman bantjana ingkang kados makaten! poenapa doegi-doegi boten langkoeng memelas?

„Lo, lha koewi nggonè kaja mengkonon, merga Djerman kablong bitènèl! Jak, poenapa Inggris oepaminipoen, boten namoeng bag-ginifik kalijan Djerman? Njatanipoen, poengkasaning woelan Djanowari 1929 ing Inggris wonten kantja baoe tanpa pedamelan, pinten? 142500! Inggih mèh kalih mljoen!! Toeh Inggris boten kirang tijang saged! Mila, OEPAMI ing ngriki kataman katjilakan babag kados pradja-pradja waoe, poenapa kita sampoen saged babag oegi pangrembagipoen kalijan sadèrèk Eropah waoe?

Dongèng dèrèng rampoeng. Dados Djerman rekaos, noen? Bankier ingkang soedoek sailira kalih; nanging ingkang boten, mangka pantjenipoen, oepami tahana inggih boten béda, wonten pinten? Doegi-doegi boten sekedik! Tjekak: Djerman rekaos. Nanging poenapa pradja-pradja mengsah. Djerman (Geallieerde) manah dateng katjintrakaning tijang mljoenan poenika? Boten! njatanipoen nalika ing Paris wonten conferentie-nipoen Geallieerden lan Djerman, (De N. E. 2 Febr. 1929), para mengsah Djerman (Geallieerden) panedanipoen tanpa doegi-doegi.

Inggis: „Ora akèh pandjaloek; angger oetangkoe karo kjainé Amèrikah sah, wis trima!" Gèk pinten samboetanipoen?

Itali: „Akoer idem plus sitik!"

Belgi: „Akoer trima sitik! Angger akoe sataoen-taoenè sadjroné 12 taoen, tanpa tjoekoop kanggo gawé jejasan gedé-gedé, kang wis ndak program, akoe wis ora piyé-pijé!" Loetjoenèé! Lha sing arep digawé apaaaa?

Prankrik: „Gilo, dèn-bagoesé, sing ngréwangi akoe, dèk akoe songkolan karo kowé dek-anoe kaé, pirang-pirang, nganti akèh kepotangan-koe lan oetangkoe; moelané, angger akoe bisa njaoe oetang, karo kok nèhi poepoeli (schadevergoeding) sawatara, akoe wis ora doewé pandjaloek." Djerman mangsoeli: „Ndak bisa!"

„ : „Lho, ra indjoh, piyé, ta koewi?"

„ : „Lha, ja ra indjoh ndak bisa!"

„ : „Lha komisi genah mbisakaké ngono kok!"

„ : „Lha ja komisi. Toewané Parker Gilbert (Amèrikah)

„ : „sing loepoet lé nesir!"

„ : „Lha bisamoe pira?"

„ : „Jha kono pira!..." Djerman boten poeroen

mastani, samar menawi kebloeweg! Déné ingkang kedah tjalon neksir: sepinten Djerman sagedipoen mbajar, tw. Morgan, bankier Amèrikah...

Ing ngrikoer pepoentong rembag, prakawis...-nipoen pradja-pradja sasat kapasrahaken tijang satoenggal; tijang satoenggal, ingkang saged mbobot (mbalans) èkonomi-ning pradja-pradja.

OEPAMI ing ngriki lelajan kalijan pradja sanès, tetimbangan sami kè mawon! Poenapa doegi-doegi sampoen wonten prijantoen ngriki, ingkang saged damel balans, ingkang njoemerepi mlebet-medaling arta India satlesihipoen? Poenapa sampoen katah ingkang saged njoemerepi, lan jèn kedah, saged njepeng kados-poendi kedah oebenging arta India, sa-India, soepados mindak lan ngrahadjengaken tijang sa-India? Toeh kita kedah gadah, toer katah, prijantoen ingkang kados makaten! Politici, sampoen pating djredoel, kilap bobotipoen; nanging econooooooooom?? Toeh kedah wonten, lan katah!!

Pramila.

G: Mengkèné ja Troek, amrih tjetané saiki dak golèk oepama Soeta, dodol saté apa patoet nganggo pantalon? Naja toetoek sroetoe, apa patoet, Dadah toeking ngerok apa patoet? Moenggoeh djalarané, jak baji sing doeroeng bisa nggoejoe wé ngerti. Sedjé bareng dokte A. Mr. B. Mr. Dr. C. lan saantèroné, nèk koewi ja patoet waé. Nèk rasa, dadoe mono wis karoewan. Saiki oepamané kowé dadi landbouwconsulent oetawa landmeter oetawa lijanè, apa kowé moempat² galengan, moenggah goenoeng nasak² alas nganggo djarit, nak ja ora ta. Tenèh kaprijé bijang bajèk, nèk pidjer kon nisihi djarit waé, tenèh mbesengat-mbesengoet baé, lagi bajarané telat titik wé wis oelaté ala kok. Rékané ngirit-irit, ning sadjatiné ngorot-orit.

P: Lo kok ja ora klèroe kandanoe ikoe kang. Papan ikoe kaprijé maksoedé!

G: La sedjé dokte A. Mr. B. lan lijanè maoe tindak² srimbit karo garwané, la ikoe akoe moepakat banget karo mbakjoe E. Wr. Moelané akoe kanda koedoer angon papan.

Napoleon.

Badé kasambet.

TAMTAMA DEWI MARIA sataoen f 0.75 Xaverius coll. Moentilan.

CORRESPONDENTIE.

Rr. Soetarti — adrijh menawi noewoehaken bombardement bab opvoeding enteraat malih.

Blendok — kasimpen, mindak njoedakaken kawirjawan padocka lan ngaben sadèrèk. J. S. — sampoen kapidereng! Sampoen wonten Kanèkapoetra ingkang njoelihu idjeng-andika.

Napoleon: kertas kaseratana sasasih kè mawon. Ki Gow. — sampoen kesangetan; noewoehaken tjetjengilan.

Clarinet — leresipoen tanpa pametoet toewin pamantjing kedah sami ngroemaosi pijambak. P.K.W. saben congress ichtjar. Woh? Nanging pamrajogi pendjenengan katampi tangan kalih.

Widharba — langkoeng saking semanten! Nanging sampoen mèh woelan tengahan, saweg mantoek 10%; ngriki kepeksa ngrembag poenika, mila Pakem lan Hoofd-art. radi sesakiten.

Rr. V. Siti — mangga ta! Mendoet „Larasati" sampoen kaleksanan, kok teksih njrikandi kè mawon! Rubr. kagoenganipoen mèh adjeg soewoeng. Wedalan Mendoet lan Ambarawa énggalan poenika kados-poendi? Djenèh ing bagéjan Narajana-Narajana Moentilan lan Ambarawa inggih sami noeladani!!

Wilaga — sampoen kamanah; kaatoeran mriksani pangénan regining Adv.; Ngantjik Djoeli! nDèrèk, nanging poenapa rajak saged??

Bremara — inggih, adjeg langkoeng! Kawisel f 3 boten kados-poendi-kados-poendi, namoeng margi ngriki adrijh: ana kadarman kok katagih!!

Ssd. — Sareh! dipoenpringaken inggih pringaken (petoeng pisan), nanging semoenipoen dèrèng mangertos jèn Red. lan Adm. ngladosi sadèrèk katab! Pendjenengan mastani „eigenwijs", koela nrimah nganggep „anèh."

Katrangan: Abn. no. 589! Adm. ingkang klèntoe; sampoen kirang pamengkoel

Koela atoeri maos Advertentie kita.

DITJARI

Machinist boeat djalanen
Sigaretten - Machine,
boeat kerdja dengan lantass.
Djangan laot, katerangan
lengkep dari praktijk,
oemoer enz.

diriki pada:

**NATIONAL TOBACCO
COMPANY
TEGAL.**

**PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÈ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG**

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

**GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.**

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
kesèhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

DJOKJA

MALIOBORO

Obat-obat keloearan roemah² obat
soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap

MALIOBORO

DJOKJA

tangoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

N. V. A. N. GOVERS DEN HAAG (Holland).

Drukker - Uitgever van Z. H. den Paus,

DE PAUSEN ALS VORST
en het begin der
ROMEINSCH KWESTIE.

De tijdelijke macht der Pausen, geschetst in haren oorsprong,
Ontwikkeling, onvervreemdbaarheid en noodzakelijkheid,
door A. N. NUYENS,
Lid der Orde Advocaten van St. Pieter.

± 400 bldz. prijs f 1.25.

EEN AALMOEZENIER IN DEN GROOTEN OORLOG.
WILLIAM DOYLE, S. J.,
door Alfred O' Rahilly, vertaald door L. v. d. Biesen, S. J.,

2e. Druk f 1.90, in prachtband f 2.75.

Verkrijgbaar door elken Boekhandel.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembtja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swaraswara Tama

dapat POTONGAN

**Maos
DE KOERIER!**

KOELA ATOERI

MBIJANTOE

PRIESTERFONDS.

HANDEL IN BOUWMATERIAAL

ALS:

KALK DJATIHOET, OESOEK, BAK - EN KALISTEENEN
TEVENS IN
HOUTSKOOL EN BRANDHOET

**H. J. SAMPAK
GAMPING DK.**

OF P/a R. PRAWIRODIDJOJO
Opn. sf. Mertajoedan - MAGELANG.

TOKO H. SPIEGEL

**MALIOBORO 17
DJOKJA.**

MAGAZIJN VAN

**LUXE - en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELN**

**KINDERWAGENS - SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED**

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN. f 12,50

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjen 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30	Poerworedjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara - Tara 7.30
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6 - 8.30	Tegal 7.30 - 9.30
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30
Kota Baroe 6 - 7.30	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Djombang ¹⁾ 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9.
Fort de Kock 7.30	Muntok 8.	Semarang:	Wates ⁷⁾ 7.
Gandjoeran ²⁾ 7.	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gombong ³⁾ 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Keboemen ⁴⁾ 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Kediri 7.30	Pajakoembo 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Klatèn 7.30	Palembang 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30
Koeta Radja 6.30 - 8.	Paseroean ¹⁾ 7.30	Soekaboemi 6 - 7.30	

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.
²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

**MERDIKA! MERDIKA! SEGA-
LA ORANG MERDIKA.**

Ndadak mawi mikir poenika.

Pangéran ki Maha-wikan, ngertos
samoebarang; lan Maha-koewasa,
dadi saged samoebarang kang ora
mokal. Nanging goemoenkoe, lha
kok ndadak maringi boedi mer-
dika barang marang manoengsa,
jèn mangertos, menawa kang dipa-
ringi maoe bakal nganggo ala ma-
rang si boedi merdika koewil! Apa
koewi djenengé Pangéran ora ndja-
lari dosa? Oepamané waé: G. A.
nitahaké manoengsa nganggo boedi
merdika, tegesé si manoengsa koewi!
Lha kok damel Pirdoes waé
nganggo diparingi wit koeldi barang!
lidok! Bapa Adam lan Iboe Kawa
pada nglakoni dosa! Mangka Pan-
djenengané koewi Maha-wikan, lan
Maha-koewasa; dadi nalika nitahaké
manoengsa nganggo diparingi boedi
merdika ikoe. Pandjenengané genah
priksa, jèn boedi merdika maoe ba-
kal dienggo nglakoni ala. Moelané
bapa Adam lan Iboe Kawa pada
nglakoni dosa kaé—lho ja sèwoe-
sèwoe njoewoen ngapoenten —
apa doedoe G. A. sing loepoet,
wong sadoeroengé woes priksa,
toer oepama kersaa, saged ngalang-
alangi, wong Maha-kawasa! Kok

meksa diparingi, lan ora kersa nga-
lang-alangi. Tjoba, pikiren, jha
ngono pa ora? Nek ora, akoe gelem
ditoekokaké bakmi!

Djadjal-djadjal ngadoe djaja, dja-
jané wong mendem gendjél teges-
ipoen: pitakèn ing nginggil poenika,
menawi dipoenmanah-manah, nglan-
ngoet, saged moemetaken sirahl
Makaten:

Pitakèn poenika inggih namoeng
satoenggal, nanging lapis; kadjeng
koela, nadijan namoeng satoenggal,
nanging ngemot pitakèn warni-warni.
Pitakèn namoeng satoenggal, nanging
kénging dipoenpetjah dados pitakèn
warni-warni; oepaminipoen:

Sebab apa G. A. paring boedi
merdika marang manoengsa, jèn
Pandjenengané priksa, mangertos,
menawa boedi maoe dadi saranané
nglakoni ala, oetawa marakaké wong
bisa nglakoni ala?

Wangsoelanipoen makaten: „Mang-
ga saé poendi tijang mawi boedi
merdika kalijan boten? Sampoerna
poendi: tijang tanpa boedi merdika
— dados boten saged nglampahi
awon, kalijan mawi boedi merdika,
nanging saged nglampahi awon?
Saé poendi tijang tanpa boedi mer-
dika, kalijan mawi boedi merdika,
sanadjan boedi merdika poenika
saged moeroegaken tijang saged
lampah awon? Mawi oepami, sana-
djan boten ngetrepi: gadah motor

kalijan boten gadah, poenika saé
poendi, mangga? mBokmanawi tijang
ratjak-ratjak badé mangsoeli: betjik
sing doewé. Mangka motor poenika
saged moeroegaken dawah saking
motor, saged moeroegaken tijang
kadoeliting motor, katabrak motor,
kedjegoer, kegoeloeng samotoripoen!
Dados tijang damel motor poenika,
jèn kamanah salimrahipoen: loego-
nipoen damel barang awon poenapa
boten? . . . Jah, nèk motoré ala, dje-
nengé jha gawé barang ala!

Sampoen plésidan ta prijantoen!
goendoelé saweg radi nggandjret
kanggé ngotak-atik badé mangsoeli
pitakèn pandjenengan poenika kok!

Lepatipoen ingkang dèrèng ma-
ngertos toewin teksih kirang paham:
boedi merdika kamanah awon, ka-
wastanan awon, sebab ingkang ka-
manah namoeng anggènipoen saged
ngawontenaken awon. Saminipoen
tijang mastani motor awon, margi
namoeng manah anggènipoen motor
saged ngawontenaken: batoek me-
tjotjot, tangan tjingkrong, soekoe
bingkong, njawa nglojong; boten
mawi manah silir-siliripoen, menawi
katoempakan; rékatipoen jèn kanggé
lelampah; moenggoehipoen, jèn kanggé
djour-djoran, gagah-gagahan lsp.

Boedi merdika sami kémawon;
boten kok boedi merdika poenika
moeroegaken silir-silir, nanging pa-
édahipoen langkoeng saking déning

ageng, malah-agenging ageng. Sebab:
margi boedi merdika poenika tijang
saged ngabekti dateng Pangéran,
saged njepeng kasampoernaning
manoengsa mawi dajanipoen pijam-
bak. Mila boedi merdika toehoe
barang ingkang adji tanpa sami.
Mila G. A. paring boedi merdika
poenika boten barang ingkang ang-
goemoenaken, wangsoel malah ka-
dos sampoen kedah, ningali Maha-
saé Dalem, Maha-asih Dalem!

Ngonoa ké kok ora kersa ngalang-
alangi alané, jèn Pandjenengané
Maha-koewasa, wong saged!

Menawi badé ngetingalaken Maha-
koewasa Dalem, boten sah mawi
ngalang-alangi piawon, wangsoel ma-
lah kedah ngoekoem sadaja piawon,
sami sanalika, lan samoerwatipoen.
G. A. nitahaken kita, kita dipoen-
sakadjeng; dados koela sadaja ka-
gali makloek Dalem ingkang saged
damel lan ngoepados rahadjeng kita
pijambak. Déné koela sami manggih
bebendoe, poenika lepat koela pijam-
bak.

Lho, nèk ngono apa G. A. kena
diarani Maha-saé? Apa barang sing
kaja mengkono ikoe ora tjengkah
karo Maha-saé Dalem? déné kersa
nglilani wong kliroe enggoné ngang-
go boediné?

Anggènipoen boten nglilani G. A.
inggih boten nglilani! lha wong genah
tijang dipoeniksaka makaten kok,

menawi nglampahi dosa!
Ija, nanging kok ora kersa nga-
lang-alangi?

Wo, G. A. ngalang-alangi sanget!
genah dipoenparingi angger-angger
kémawon ngantos sedasa mekaten
kok! poenapa teksih kirang?

Ha ija, ngonoa ké kok ora kersa
mengkok nganti wong ora bisa
nglakoni dosa?

Mangké jèn makaten, boedi mer-
dika poenapa teksih badé merdika?

Sarwa anèh.

1. Pitakèn anèh.

Lé!
Koela.
Wis toeroe lé?

2. Gineman anèh.

Lé!
Koela.
Doeroeng toeroe lé?
Dèrèng!
Akoé ija doeroeng toeroel!

Ch. Sht.

neng: ipoen toewan Blijdenstein administrateur Baléardjasari Malang. Ingkang ngoentapaken kedjawi tijang sepoehipoen sakalijan, sanak sadèrèk, tetepangan toewin para mitra, oegi pandjenenganipoen Rama Muller lan rama frater Poespa, lan pandjenengan dalem Goesti Pangéran Aria Tédjakoesoema.

Sadèrèngipoen djam 8 sampoen pepak andèr wonten ing péron, ngatawisi jèn badé ngoentapaken sadèrèk ingkang kakésahan bebih. Sareng lontjèng kalih, sami tetabikan andoem wilodjeng, wedaling loeh boten kénging pinalangan, djam 8,7' lontjèng tiga sepoer mangkat alon-alon, ladjeng sami hoeremat sarana nglèbèt-nglèbètaken katjoe. Sareng sepoer sampoen boten katingal sadaja boedal sowang-sowangan.

R. C. Poeloengana poenika tijang Djawi sapisanan ingkang loemebet ing golongan Carmeliet.— Moegi Goesti mberkahana dateng tijang Djawi, pinarengaken katah ingkang dados Imam mradini ing sadaja golongan.

Djokja 28-3-1928 Martin. J.S.

OERAP-SARI.*

KABAR KATHOLIEK.

Béndjing Djoeni, ing Durban (Afrika Kidoel) badé wonten konggrès *amiwaha Sakramèn Maha Soetji*.

Tjatjahing tijang Katholik ing Afrika Kidoel poenika kirang langkoeng wonten satengah mljioen, déné djiwa ing ngrikoe sadaja wonten pitoeng joeta.

Kala taoen 1923 djiwa Katholik ing ngrikoe ingkang sapranemipoen kalebet bangsa Europa. Imam-imam ingkang katah asli saking Djerman, lerland, Frankrijk, Inggris, Nederland, Belgie, Italië, Sepanjol, Zwitserland, Oostenrijk, Tsjecho-Slowakije, sarta Polen. Imam bangsa Priboemi saja katah, boten béda kalijan ing Australië, sarta Amerika Sarikat.

Kita Durban ingkang tjalon kanggé papaning Konggrès poenika wonten ing pasisir Natal, dados gegebangan dalem Kangdjeng Bishop Mgr. Delalle. Ing kabiskopan ngrikoe, djiwa Katholik wonten 30.966.

Béndjing tanggal 31 Djoeli, ing Javier Sepanjol, wonten bangsa Djepang tetep dados Imam wariganing Sarékat Jésoes, angoendjoeaken Mis Soetji. Déné asma-nipoen Pater Ogihara. Sasampoenipoen tigang djam saweg poenika wonten Imam Jezuët bangsa Djepang. Béndjing dinten waoe oetoesan Djepang akalijan pandèrèk katah badé toemoet anenggan.

Pater Ogihara poenika tijang sepoehipoen boten Katholik sarta kalebet kadjèn kéringan. Roemijin sakolah wonten pamoelangan loehoer Tokio. Wonten ngrikoe wiwitipoen mangertos Agama Katholik. Anggènipoen sinaoe theologie wonten Insbruk.

Kabar Katholik.

Dr. Robert Streit C. M., ingkang nalika ing Roem, taoen 1925, wonten tentoonstelling saking Missie sadjagad, kinarsakaken njepeng bibliothek ing K.S. Bapa, nembé mbabar boekoe „Catholick Miissios in Figures and Symbols”. Serat poenika samangké kaanggèp serat ingkang djangkèp pijambak pangrembagipoen Missie sadjagad.

Tjobji njoepik tjatjahing tijang sadjagad, ingkang sami nglampahi agami.

Tjatjahing tijang Kath sadjagad wonten 320 mljioen

Confusionist* 270 "

Islam 240 "

Protestant** 220 "

*Petikan saking serat kabar warni-warni.
*Nama Confucius poenika ingkang maringi Missionaris Jesuët ingkang moerwani Missie ing tanah Tjina. Confucius poenika bangsa Tjina, kelahirnipoen ing kita Lu, taoen 551, tilar taoen 478 sadèrèngipoen Goesti mijos. Nalika pijambakipoen dipoen-takèni, kados -poendi kedah pangèrehing pradija, wangsoelanipoen: „Chun chun, Chenchen, Fu fu, Tze tze”, tjara Djawinipoen: Angger ratoe, Minister, Bapa, Anak pada toemindak kaja enggoné sineboet Ratoe, Minister, Bapa, Anak.

** (tegesipoen: agami Protèstan atoesan, nanging goenggoenging tijangipoen 220 ml. poenika).

Hindoe 200 mljioen
Schismatiek 158 "
Animist 133 "
Boedha 138 "
Shintoist 24 "
Jahoedi 13 "

Katholiek dados katah pijambak!

Serat kabar Katholik ing Vereenigde Staten.

Serat-dintenan, minggon lan woe-lanan wonten 240; oplaag: 66.470. Poenika boten toemebet kaétang serat kabar parochie, pamoelangan (schoolblad), lan congregatie-congregatie. Katanding katahing tijang Katholik, dados kalebet katah; djer tijang Katholik ing ngrikoe wonten 21.453.928. Salebetipoen 20 taoen poenika indaking tijang Katholik wonten 6 mljioen. Toblas!

Mesir.

Tijang Mesir oegi dipoenwastani bangsa Copt; poenika tjekakaning temboeng Griek Aegyptos, ingkang tegesipoen boten sanès kedjawi tijang priboeminipoen tanah Egypte. Déné nama Mesir poenika saking nama Arab, namaning kita ageng ing ngrikoe djaman roemijin, ingkang oegi dados namaning tanahipoen, i. p. Misr.

Samangké tijangipoen 14.000.000; ingkang 800.000 toeroenipoen tijang Mesir malaboeka.

Basa Mesir sampoen 2 abad pedjang, tegesipoen mboten kanggé witjantenan; teksihipoen namoeng kanggé basaning agami (liturgiesche taal); poenika ta sampoen boten toelèn.

Tijang 800.000 waoe ingkang Katholik namoeng 26.000; lan 1/5-ipoen tijang 26 ewoe poenika soe-waoe sami agami Schismatiek (sem-palan saking Kath.), mertobat salebetipoen 50 taoen poenika. Kantoen samanten warganing P.S. ing Mesir, ingkang katjikal-bakalan déning St. Marcus, ladjeng St. Athanasius, St. Clemens Alexandre; mangka doek moemboel - moemboelipoen, djiwa Kath. sampoen joetan. Déné ingkang adamel risak i. p. pangoeja-oeja, lan pameksa dados Islam.

Kabar oemoem INDONESIA.

Basa Walandi toemrap ambtenaar Priboemi.

Nembé poenika ing tanah Djawi Wétan wonten sirkoelèr saking Goepernoer Djawi Wétan, asoeraos: para ambtenaar tijang Priboemi ingkang saged tjara Walandi manawi omong kalijan ambtenaar bangsa Éropah, soepados inggih mawia basa Walandi. (Prakawis poenika semoenipoen gagajoetan kalijan padatanipoen prijantoen Djawi ingkang manawi omong kalijan Éropah manawi tjara Djawi minangka tandaning andap asor angroemaosi manawi dados karè-réhan.

Directeur B. B.

Toewan Muhlenfeld Residèn ingkang binijantokaken Goepernoer Djawi Kilèn, kaangkat dados Directeur -ing Departement Binnenlandsch Bestuur.

Toewan Muhlenfeld poenika kaem Sociaal Democraat; Dadas kalebet komplotipoen toewan Stokvis, Mr. Duys, Lefebre, Kleerekoper, Iss. ingkang sadaja kénging dipoenwas-tani adjeng-adjengan kalijan Paréntah Indonesia.

Toewan Muhlenfeld poenika sampoen naté dados Ass. Res. wonten Loemadjang. Wontenipoen pabrik gendis Djatirata poenika inggih kénging kaéwokaken satoenggiling pakarjanipoen toewan M. Taoen 1925 doemoegi taoen 1926 pandjenenganipoen perlop. Salebetipoen perlop, wonten ing Brussel, pandjenenganipoen njinaoe oegi tjara-tjaranipoen Belgi maréntah djadjahanipoen; Sakondoripoen saking perlop, kangkat dados Residèn kabijantokaken Goepernoer Djawi Kilèn.

Anggènipoen toewan M. winisoeda dados Directeur B. B. poenika saéstoe adamel mongkogipoen kaem I. S. D. P. Kosok-wangsoelipoen adamel boten senengipoen ingkang boten seneng kalijan golongan sociaal democraat.

Ir. Soekarna sampoen naté kawed-dal temboengipoen kadhakrawis-prakawis ingkang ndjalari kaem

kabangsan boten saged ngombjongi parté sociaal democraat. *Darma-kanda* inggih sampoen naté angèng-taken soepados kaoem kabangsan ngatos - atos anggènipoen lelajanan kalijan golongan parté Stokvis.... Ewadéné wisoe dan Muhlenfeld dados Dir. B.B. poenika temtoe tinampi kalijan keplok mawoerahan.

Wonten Sedyta Tama tanggal 6 April, koela maos wara-waranipoen pangrèh N.I.O.G. afd. Djokja, asoeraos tanggal 9 April djam satengah sanga sonten pangrèh N. I. O. G. ngawontenaken openb. vergadering, ingkang sesorah toewan A.P.v.d.Wel pangarsa N.I.O.G. Ngajodja, kalijan J. Roorda, warga pangrèh ageng. Toewan v. d. Wel angrembag „*Neutraal of Confessioneel onderwijs*,” déné tw. J. Roorda, ngrembag bab „*Bijzonder onderwijs een gevaar voor Ned. Indië.*” Tijang débat dipoenekadjeng.

Nalika koela maos wara-wara waoe koela kéngentan dateng wisoe dan Dirèktoer B.B. kaseboet nginggil! Poenapa kawontenan Ngajodja poenika éwoning gara-garanipoen menanging parté anti Katholik ing Indija? Poenapa dados ilapating lalampahan bilih schoolstrijd ing ngriki badé saja ageng?? *Mangga sami dipoenelataken kémawan!* Salebetipoen angoelataken boten pegat kalijan njantosakaken kekijat-an kita.

Seng Po djenat.

Wiwit tanggal 9 Maart serat kabar Tionghoa Melajoe ing Fort de Kock, ingkang oemoeripoen saweg tigang taoen, kepeksa boten medal malih. Directie-nipoen tjarijos makaten: „*Lantaran sebahagian besar dari abonne kita senantiasa memoenggak dalam pembajaran oeng abbonnja, terpaksa kita dengan hati sedih memhatikan Seng Po ini. Kalau sekiranya sekali-kali sahada abonnés ketinggalan membajar tidak apa. Tetapi banjak sekali yang ter-laloe besar keloepeannja boeat memenoehi koadjibannja. Toean tentoe mengetahoel poela, bahwa hidoep soerat kabar adalah bergantoeng pada masoeknja oeng abbonné. Zonder doeit, tentoe tidak bisa hidoep teroes.*”

Hem,.....! Indonesia pantjèn kèntjokan ama „*remen maos, gemang (oet. aras-arasen) ambajar.*” Lalampahan ing nginggil poenika koela atoeraken wonten ngriki soepados dados koepijanipoen para pamaos Sw. T.

Angsal soembang-soeroeng sablandjan.

Manoet sirkoelèripoen Departement v. Onderwijs, sapoenika manawi wonten goeroe-doesoen tilar donja, warisipoen angsal pasoembang sabajaring goeroe-doesoen ingkang tilar waoe... Prakawis poenika moegi sami dipoenèngetana.

P. P. K. I.

Parepatan P. P. K. I. kala tanggal 29 — 30 Maart, manggèn wonten Ngajodja, angemoemaken prakawis ing ngandap poenika:

1. Kala Moehamad Dijah, woelan Februari 1929 ngawontenaken konggrès wonten Soerakarta, Madjelis Pertimbangan P.P.K.I. angsal sedahan. Margi anginten jèn anglampahi ka-oetamen, Madjelis Pertimbangan ladjeng kèngkènan Mr. Singgih andateng konggrès waoe perloe soeka pandonga wilodjeng. Mr. Singgih inggih nglampahi.

Nanging wonten parepatan P. P. K. I. tanggal 29 — 30 Maart, lekasipoen Madjelis Pertimbangan ingkang makaten waoe boten dipoen-tjotjogi sadaja ingkang parepatan. P. S. I. anglepataken tindak waoe, déné parté sanèsipoen sami anotjogi.

2. Perhimpoean Indonesia, ing nagari Walandi, kaangkat dados wawakil P. P. K. I. wonten sadjawining Indonesia, mawi dipoensoekani mandaat ingkang nganggé wangenan. P. P. K. I. sampoen neda dateng P. I. soepados damel propagandah amrih itjaling poenale sanctie, heeren dienst, 153 bis lan ter, kalijan 161 bis ing strafwetboek.

3. Ngadegaken nationaal fonds.

4. Konggrès P. P. K. I. ingkang kaping kalih tetep wonten ing Soerakarta. (tanggal 29 — 30 — 31 Agostoes, lan 1 September.)

Hormat-circulaire.

Dèrèng dangoe poenika pandjenenganipoen ingkang Boepati Niti-negara. Ing Prabalingga, anjeban sirkoelèr prakawis tata-krama, ingkang katelahipoen wonten ing serat-serat kabar anama hormat circulaire.

Sirkoelèr poenika waoe asoeraos makaten:

1. Manoet sirkoelèr kaseboet ing Bijblad taoen 1906, tata-krama Djawa saka satittik prajoga ginanti tata Éropah.

2. Nanging mirit kaanan saiki, tata-krama Djawa sing ala lan angsoraké isih ana baé, loewih-loewih ing kalangan B. B.

3. Woes terang para nom-noman pada amboedidaja amboewang adat-adat koena.

ONTJEN SEKAR GAMBIR MELATI.

Pogokan.

Kala 2 (3) April, oendaginipoen bangsa Tionghoa N. V. Meubelin-dustrie Andrisse Semarang 150 sami mogok. Nalaripoen: sami neda soepados anggènipoen njamboet-damel 5 1/2 dinten, dipoenbajara kados manawi njamboet-damel 6 dinten. Pa-neda ingkang makaten waoe boten dipoenpinangkani. Ladjengipoen... boten ngantos djangkèp kalih minggoe, sami wangsoel njamboet-damel malih. Sarta... panedanipoen èstoe boten kaleksanan....

Pogokan poenika boten namoeng dados mamalaning djaman sapoenika. Kala wiidoe tengahan tanah Kilèn sampoen kèntjokan sasakit waoe. Ingkang dados djalaranipoen inggih sami: neda indaking bajar, neda soedaning wekdal njamboet-damel sapanoenggilanipoen. Ingkang mi-soe woer dados radjaning pogokan poenika Djerman. Kala taoen 1890 tjatjahing staking ing Deutschland wonten 226, taoen 1905 sampoen saged dados ping 24031.... Ing tanah kita ngriki pogokan ingkang ageng kala taoen: 1922 (poenggawa Pagantosan), taoen 1923 (poenggawa sepoer), lan taoen 1925 (pogokan ing metaalfabrieken Soerabaja)....

Wonten ing Fransche Kamer sardjana toewan V atimeonil sampoen naté kawedar pangandikanipoen asoeraos: Staking mitoenani badanipoen pijambak; mitoenani ingkang taksih poeroen njamboet-damel; mitoenani tijang katah, margi ngendeg barang ingkang pantjèn-ipoen medal wonten madyaning gesang babrajan.

Staking pantjèn mitoenani! a. Babagan economie. Tjonto: pogokan pabrik tenoenan ing Calais kala taoen 1902 nelasaken kasipoen kaoem berah 160.000 frs.; sarta ladjeng gadah samboetan dateng pakempalan-toenggil-damel ing Inggris, katahipoen: 27.000 frs.; kadjawi poenika taksih pikantoeek soembang soeroeng 100 à 120.000 frs., inggih telas! Mangka... woh-ipoen: kaoem berah ingkang abajar 30. à 80 frs., namoeng pikantoeek toelagè 3 — 15 frs.... Poenika tjonto kapitoenèn ingkang ngèngingi kaoem berah pijambak! Margi kala taoen 1904 ing Marseille saben-saben wonten pogokan, para kaoem dagang saminggogoe-minggoenipoen kapitoenèn 25 mljioen frs.... Poenapa boten nggegirisii??

b. Babagan kasoesian. Staking poenika sami oegi kalijan nanem widji sesengitan. Poen kaoem berah boten narimah; boten seneng kalijan kaoem amberahaken. Jèn anggènipoen moetoeng angsal damel, kaoem

berah ladjeng saja anggegampil st. king. Manawi boten angsal damel saja anggit-igit kalijan loerahipoen.

Kalih déné malih! Oepami stakingipoen angsal damel, bajaring poenggawa mindak, regining dagangan rak ladjeng mindak! Djer mila makaten lampahing dagang: an-dagangi, soetik kapitoenèn! Ladjeng sinten ingkang kataman? Tijang katah!

Nanging poenapa wontening staking poenika ladjeng tjatjad tok, boten wonten saènipoen? Leroy Beaulieu anjarisosaken staking andjalari dradjadipoen kaoem berah mindak ingaosan. Angendakaken palindèran dateng kaoem berah....

Mogok, poenika pantjèn kalebet wewenangipoen kaoem berah. Nanging poenika boten ateges: migoenakaken wewenang waoe sakadjeng-ipoen pijambak. Boten ateges: oeger ora disembadani, bandjoer mogok.

Mogok pantjèn dados wewenangipoen kaoem berah! Nanging..... anggènipoen migoenakaken namoeng jèn:

1. Sampoen ketelasan margi. Dadas, kados déné sandjata pamoengkas! Jules Simon amatani: mogok pantjèn gegamané kaoem boeroeh. Nanging enggoné migoenakaké koedoe arang-arang banget.
2. Ingkang ginajoe: djedjeg, adil, timbang, moerwat. Tegesipoen: boten kinggilen. Kaoem amberahaken manawi kekatahen pa-neda dateng andahan, kawastanan boten adil, boten moerwat! Mila, djedjegipoen, kaoem berah inggih sampoen ngantos kinggilen ingkang kinadjengaken.
3. Mawi ngèngeti kala mangsa. Oepami: saweg oesoem pès, ladjeng poenggawa pest-bestrijding mogok! Poenapa poenika saé.
4. Gadah kajakinan temtoe angsal damel. Mogok tanpa woh, poenika sami oegi kalijan boten mogok! Wontenipoen namoeng sarwa mitoenani! Saja jèn ladjeng boten pandak! Poenika malah saged sanget andjalari boten kadjèn!
5. Mawi soeka kalonggaran. Tegesipoen mawi tjaloelok: jèn pandjaloekkoek iki sadjroné seméné dina ora kosembadani, mogok! Manawi makaten kaoem amberahaken ladjeng saged manah saéstoe panedanipoen kaoem berah! Toer toemrap ingkang badé mogok ngiras matitisikan sedyanipoen. Ngiras mremanakaken awon saéning djangkanipoen!

Pandan Wangi 12 April.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

Sw. T. No. 12 correspondentienipoen kok radi „santak” (dak-soengging mas Patjar); „galibetipoen” Ki Loerah Red., tjara koerik mekak kapalipoen, ingkang tansah badé blandang kémawan! Ingkang kentjeng, Ki Loerah! botenipoen. Sw. T. saged dados serat „—kados ngendikanipoen—koran tjentjengan, poenika”..... Ingkang woengsal - wangsoel dados gelat an gawok - koela poenika rak — é poenika manawi koela boten klintoe ing panjoroas! — kados ingkang dipoensoet Sad. Ssd. (Corr. Sw. T. No. 12)! Anggènipoen kendel poenika kok sadjakikoen namoeng manawi kalijan sadèrèkipoen pijambak! ngantos temboeng wengkoek - winengkoek poenika kados namoeng wonten ing ndjawi tok!

Aloes, eh, aloes! ngko doenèkake „oentap-oentapan karo Mas Patjar” engkol!

Soet—kapendit saperloenipoen.

M. Srani - dipoenostoi, béndjing malih: tjekak, aos, oeroel!

R. B. Sat.—tjobji kaajatan malih, Garèngan kagem samadya, isi kamentesaken.

Ki. Dem.—goed zool ning sabar!

Cor ing Band.—latoe rak sampoen pedjah, ta, noen! Inggih sampoen.

J. O. J. W.—sampoem sadaja: mèmèng.

KATRANGAN:

No. 800—mangga ta! djenèh don! boten paring priksal mangka saking ingkang pandjenengan pasrahi, Adm. boten naté mireng poenapa-poenapa. Pamoendot kaleksanan.

Sad. M. Soedarman—inggih.

Sad. R. P. Bratamisèna—Kaatoeran mriksani panggènan regining Sw. Tm.

Gegajoetan kalijan badé indakipoen Swara-Tama sarta Soeara Katholik, béndjing Djoeli ngadjeng poenika, Administratie njoewoen kanti taklim, wontena kaparengipoen para lengganan Sw. Tm. **sadèrèngipoen tanggal 15 Mei** toemoenten amaringi arta lengganan **SETENGAH TAOEN** wiwit Djanoewari doemoegi Djoeni 1929.

ADMINISTRATIE SWARA-TAMA.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kènging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELEF. 508.

N. V. A. N. GOVERS DEN HAAG (Holland).

Drukker - Uitgever van Z. H. den Paus,

DE PAUSEN ALS VORST
en het begin der
ROMEINSCH KWESTIE.

De tijdelijke macht der Pausen, geschetst in haren oorsprong,
Ontwikkeling, onvervreemdbaarheid en noodzakelijkheid,

door A. N. NUYENS,
Lid der Orde Advocaten van St. Pieter.

± 400 bldz. prijs f 1.25.

EEN AALMOEZENIER IN DEN GROOTEN OORLOG.

WILLIAM DOYLE, S.J.,

door Alfred O' Rahilly, vertaald door L. v. d. Biesen, S.J.,

2e. Druk f 1.90, in prachtband f 2.75.

Verkrijgbaar door elken Boekhandel.

HANDEL IN BOUWMATERIAAL

ALS:
KALK DJATIHOET, OESOEK, BAK - EN KALISTEENEN
TEVENS IN
HOUTSKOOL EN BRANDHOUT

H. J. SAMPAK
GAMPING DK.

OF P/a R. PARWIRODIDJOJO
Opn. sf. Mertajoedan - MAGELANG.

TOKO H. SPIEGEL MALIOBORO 17 DJOKJA.

MAGAZIJN VAN
**LUXE - en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELN**
KINDERWAGENS - SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

?
Apa sahabat
toean telah men-
djadi lengganan
dari
Soera Katholiek
dan
Swara - Tama?

M. v. BENE.
Toekang herlodji
dan Toekang emas.
Adres jang
moerah
DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.
Pemabtja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Maos
DE KOERIER!

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
kesèhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
DJOKJA **DJOKJA**
Djangan beli sama sekali.
Obat-obat keloearan roemah² obat
MALIOBORO **„RATHKAMP”** MALIOBORO
soedah terkenal berupa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap
DJOKJA **„RATHKAMP”** DJOKJA
tangoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Baroe terbit:
PELADJARAN MEMEGANG BOEKOE DAGANG
Karangan GOUVTS ACCOUNTANTDIENST
dikeloearkan olèh:
BALAI POESTAKA - WELTEVREDEN.
Kitab ini baik sekali oentek peladjaran bagi saudagar - sau-
dagar ketjil. Tjontoh-tjontohnja lengkap dan terang; keterangan-
keterangannja moedah dipahamkan, semoea diambil dari kedja-
dian jang sebenar-benarnja.
Harganja soedah tentoe moerah sebagaimana segala boekoe
keloearan Balai Poestaka, ja'toe f 0,80.
BATJALAH SOERAT BERKALA „SRI POESTAKA”
(1× seboelan) DAN „PANDJI POESTAKA” (2× seminggoe).
MINTALAH DAFTAR KITAB-KITAB!

KOELA ATOERI MBIJANTOE PRIESTERFONDS.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerworedjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai- 7.30.
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30	Medan 9.30 (mal.).	Sambas 6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Meester Corn. 7 - 9.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30.
Jav. 6 - 8.	Mendoet 6 - 7.30.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Modjokerto 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Samarang: 7.	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30	Muntok 8.	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Kediri 7.30	Pajakoembo 7.30.	Singawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30	Palemboang 7 - 9.	Soekaboemi 6 - 7.30.	
Koeta Radja 6.30 - 8.	Pasoeroean ¹⁾ 7.30.		

1) 1c. Achad. 2) 1e., + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

partikelir. Oepama ana pokal sing njolok mata temenan karo tata-krama Djawa, bandjoer dak-èlikaké amrih dadi lan betjiké.
19. Gegandéngan karo kang kaseboet ing doewoer, akoe andawoehaké marang prijadi-prijaji:
A. Manawa ngadep akoe ora kapareng andodok, lan ora perloe njembah. Manawa ana sing pakéwoeh, ija kepareng njembah nanging kèh-kèhé moeng ping pindo, jaikoe nalika tekané lan moendoeré.
B. Para prijadi kepareng nganggo panganggo tjara Éropah nganggo sepatoe, nanging koedoe nganggo iket.
C. Tata-tjara Éropah lijané ija kepareng dietjakaké, waton ora nerak tata lan ora langkah saka garis. Prakara iki sing ngira-ira koedoe prijadi déwé, awit angormati panggedé ikoe warna-warna tjarané.
20. Anggonkoe andawoehaké mangkéné iki ora ateges akoe nedya ngrosak adat Djawa, moeng mligi minangkani pandjaloeing djaman kang woes ora kena ditoelek, preloené soepaja ora tansah ana padoedoning koena karo moeda, lan soepaja anaa katentremen.
21. Prijaji-prijaji ija anglakonana kaja akoe iki manawa karo sor-soran, soepaja ora ana pasoealajan kang bandjoer anlédoraké pagawéjan.
Kawertos, Boepati - Boepati ing Djawi Wétan badé damel hormat-circulaire kados Boepati Prabalinga poenika.

Persatoean Cauffeur.
Kala tanggal 4 April pakempalan soepir damel parepatan wonten ing gedong Baléwerti Soerabaja, dipoen-
datengi tijang 200. Parepatan damel motie asoeraos:
1. soepados poelisi, gemeente, sarta ingkang wadjib radi saé sakedik mamananipoen dateng golongan soepir; sampoen ngantos gampil mara-tangan, lan sampoen ngantos nalar sakedik kémawon ladjeng dipoenprekawis.
2. Sampoen ngantos péhak poelisi kalijan kaom soepir ladjeng asipat memengsahan, djer sakalih-kalihboen sami déné ngoepados teda.
3. Manawi soepir katarik wonten landgerecht, soepados kasoe-kanana kalonggaran sagedipoen damel patoeran.
4. Neda soepados poelisi kalijan soepir njamboet-damel sasarengan, kanggé andjagi kawiloe-
djenganing oemoem.
Dradjading Wanita.
Serat iberan saking Dep. Onderwijs andawoehaken dateng para pangagenging Gewest ing tanah Djawi lan sadjawinipoen, dateng Gemeenteraden sarta Regentschappen, soepados: ing papan innkang wonten sekolahanipoen èstri, schoolcommissie Priboemi angangkata warga wanita priboemi.
(Ébahipoen djagad wanita Indonésijah ing wekdal poenika pantes ké-

mawon angsal poepoetjoeking kaloehoeran ingkang samanten. Inggang pinilih temtoe kémawon kedah ingkang paham dateng prakawis onderwijs lan opvoeding. Dados boten waton poetraining prijantoen ageng.)

KOEROE SETRA.

Film Indonésia.
(Teroesipoen).
Inggang dados sekar latinipoen kadang Nationalisten kedjawi „poelitik” wonten malih, i.p. „persatoean” (eenheid) lan kebangsan.—
Persatoean, wah bergas sanget, ning persatoean sing bergas; boten persatoean arep ngramani; arep gawé heroehara. Apa-apa sarwa persatoean. Wadoeh!? Kampioen solo tenan!! P.P.P.K.I. poenika persatoeaning pakempalan poelitik; nanging dèrèng sadaja bersatoe, margi alangan bédaning toedjoe lan tékad. P.P.P.K.I. ngantoe-antoe sanget pangdjeng-adjengipoen moerih P.P.P.K.D. kersa bersatoe; nanging P.P.P.K.D. pertjaja pada kekoeatan sendiri, boten betah toentoenaning sanès, mindak kesasar. Tijang Ambon dedreg ngrembag bab manoen-
gilipoen sarikat Ambon lan Moluksch Politiek-Verbond! Saja dedreg malih ngrembag mlebet P.P.P.K.I. poenapa boten. Wadoeh, saja ramé!

Ambon sreg; wonten ingkang prolan P.P.K.I., wonten ingkang boten; wonten ingkang NON, wonten ingkang CO. — Katingalipoen persatoean ing wekdal sapoenika pantjen kekah jektos; nanging koela wantoen matoer jèn èstoenipoen saweg sagedjangan kémawon; satemboeng. Inggang katingal mbebajani Sumatranen contra Javanen; sami déné boten poeroen kawonipoen.
Parada Harahap, secretaris Sumatranen-Bond dipoenparabi pengrosak persatoean déning kadang-kadang Nationalisten Djawi; malah tijang Sumatra pijambak oegi. Sad. Sangadji ing Fadjar Azia marabi pijambakipoen... Nationale Zaakbederver. Bintang Timoer, koranipoen P. H. ketingal sanget anggenipoen sok njepèlèkaken dateng tijang Djawi; kerep songkolan lan pers-pers sanèsipoen; langkoenglangkoeng Darmakanda. Djanget toemoet moering-moering. Margi ngèngeti pabenipoen pers kalih poenika waoe, koela nginten wisa ageng ingatasing persatoean; malah ndjalari sangga-roenggenipoen Sumatranen lan Javanen. Mangga sami dipoenindjen. Persatoean waoe koela nginten boten tjalon lami oemoeripoen, menawi songkolan sadèrèk sami sadèrèk dèrèng menda. Tjobja: M. D. contra P. S. I. Nationalisten contra Ahmadijah, M. D. lan Ahmadijah lsp. Ah memelas. Lairing P.P.P.K.I. lan pakempalan sanès-

sanèsipoen ingkang ngganda natio-
naal, ndjalari saja lebeting djoerang pamisahng bangsa ropah lan Indonésiers. Tjobja koela ngadeg ing tengah leres, boten ngréntjangi sinten-sinten, pantjen golongan petak sok kesangeten sanget anggenipoen njepèlèkaken kita Indonésiers; pers Welandi... kawah ingkang ngoewasosi mripat melèk, saja tjap H.N.v.d. Dag. Tijang Menado ingkang njata teksih setya lan Paréntah Walandi, nalika damel raija pangèngèt-èngèt sampoen 250 th. anggenipoen kameong ing negari Walandi, meksa dipoenétjé, dipoenwastani ngemoe wados.
Kita, Katholiek kedah ngadeg dje-
djeg, njantosakaken barisan kita, sampoen ngétja-étja mangga sami toemandang sajektos, ngantepi tékad, ingkang loehoer sanget. Bab poenika koela tjoeag samanten kémawon; sapoenika bab list... list poenika. Toemeng Nationalist sakomplitipoen pantjen saweg dipoen-
kédani ing tijang ngriki; nanging éman déné dèrèng ngertos dateng sapinten aosing temboeng waoe, ndjalari dados lan sapélienipoen; mangka sadjatosipoen...?
(Badé kasambet).
Bedrijf sanèsipoen béndjing malih.
Noewoen
Hercules.